Налшык и «Спартакыр» ЦСКА-м япэу токIуэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№72 (21.230) ● 2008 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 15, гъубж ●Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

2008 гъэм и гъатхэм щIыхьхэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщащымкIэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1980 - 1991 гъэхэм къалъхуа, зи ныбжьыр илъэс 27-рэ иримыкIуа икIи запасым щымыIэ щIыхьхэр «Дзэ къулыкъур екIэкIынымкIэ зыкIэлэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я Iуэхуэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ 2008 гъэм и гъатхэм дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщыш мурадкIэ, **унафэ еш:**

1.Къэщтэн мы Указым щIыгъуэу:

щIыхьхэр дзэм гъэкIуэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и комиссэм хэтхэр;

щIыхьхэр дзэм гъэкIуэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципалIэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я комиссэхэм хэтхэр;

2008 гъэм и гъатхэм дзэ къулыкъум ягъэкIуэну щIыхьхэм я узынщагъэр къыщащытэну, ахэр щагъэхъужыну медицинэ Iуэхущ1апIэхэм я спискэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм ч1ендзкэщ стыдж 2008 гъэм и гъатхэм щIыхьхэр ягъэуву пIалъэхэм кIырыбыдэу дзэм гъэкIуэныр республикэм и дзэ комиссариатхэм, гъэзэщIакIуэ властым и органхэм, предприятэхэм, Iуэхущ1апIэхэм, организацэхэм ящIыгъуу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыпIэ чэндзжщ етыж щIыхьхэр дзэм щагъакIуэ махуэхэм жылагъуэ хабзэр дзэм кIуэхэм я зэхуэсыпIэхэм, республикэм и гъущI гъуэгу станцхэмрэ автовокзалхэмрэ щихьумэну, апхуэдэу дзэ къулыкъум гъэкIуэным пыщIауэ ирагъэкIуэкI Iуэхуэхэм щIыхьхэр кьекIуэлIэныр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм и пащ1ыпIэ щIыхьхэр дзэ къулыкъум гъэкIуэным пыщIа Iуэхуэхэр щIыхьэ хъыбарегъащIэ Iуэхущ1апIэхэм кьагъэлъэгъэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2008 гъэм гъатхэпэм и 31-м
№43-УП

«Зыуэ щыт Урысей» партым и IX съездым

КъБР-м и Президент, «Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт **Къанокъуэ Арсен** мэлыжьыхьым и 14 - 15 мацуэхэм партым Москва щригъэкIуэкI IX съездым хэтщ. Зэхуэсахэр хоплъэ 2020 гъэ хъуху УФ-м игъэтыну социально-экономикэ зыужьынигъэм и стратегиер зэхэлъхьэнымрэ гъэзэщIэнымрэ «Зыуэ щыт Урысей» партыр зэрыхэлажьхьым.

ЗэIущIэм лIыкIуэу 600-м щIигъу къриубэлIащ, апхуэдэуи хьэщIэу щIыху 1500-рэ къарагъэблагъащ. Абыхэм ящIыщ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр, Федерацэмкlэ Советым хэтхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

Съездыр зэрекIуэкIыр къагъэлъагъуэжьи папщIэ урысей, хамэ къэрал журналист 800-м нэблагъэ къарагъэблэгъащ. Партым и Уставым ипкъ иткIэ, IX съездым КъБР-м и Президентым щыгъуэу ирагъэблагъащ УФ-м и къэрал Думэм и депутат, Къэзылыцыгъ-ревизионнэ комиссэ нэхъыщхьэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Залиханов Михаил**, КъБКъМА-м и ректор, «Зыуэ щыт Урысей» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и Iэтащхьэ, партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт **Жэрыкъуэ Борис**, политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Дядченкэ Владислав** сымэ.

Апхуэдэуи зэхуэсым хэтщ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 **Бечелов Ильяс**, КъБР-м и Президентым и Адміністрацэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Альберт**, Щыналъэ политсоветым и секретарым и къуэдзэ **ЛIыхъугу Хьэжмурид**, «Югория» къэрал страховой компанием и унафэщI **Беслъэней Аслъэн**, «Налшык хьэлвэ завод» ОАО-м и тхьэмадэ **Къудалы Мухьэмэд**, «Прохладнэ дэрбэзэ фабрикэ» ОАО-м и унафэщI **Пархоменко Юлие**, «Черекъ I» ООО-м и генеральнэ директор **Мокаев Руслан**, КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкlэ, спортымкlэ, туризмэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и комитетым и тхьэмадэ **Iэпщэ Заур** сымэ.

КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Ди зэпыщIэныгъэхэр

ХьэщIэхэр КъБР-м и Президентым Iущ1ащ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Тырку хьэрычэтыщIэхэр КъБР-м щылэжьэнущ

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен иджыблагъэ яхуэзащ Тыркум къикIа хьэрычэт лэжьакIуэ гупым. А зэIущIэм щытепсэтыхьыщ унэтIащIэ къыщIэзыгъэкI, щэкI зэIузыщэ Iуэхущ1апIэхэр щыным, гидроэлектростанцхэр уху уэным.

НЭХЪ ПРОЕКТ хьэлэмэтхэм ящыщу къэлъытапхъэщ «Джехьэ» компанием и къызэгъэпэщакIуэ Мэрем Четин къыхилъхьар. ГъущIым къыхэщыкIа унэтIащIэхэр къыщIэзыгъэкI компаниеу ди хэкуэгъум Iэщ1этIыр Тыркум щыщIэрыIуэщ. Кьайсэр къалэм щыIэ а предприятэм цыху 1500-м щигъу щолажьэ икIи абы къыщIигъэкIыр къухьэпIэ къэралхэм ящыщ куэдым ящэху. Зэпсэльэныгъэм ипкъ иткIэ КъБР-м и Правительствэм а фирмэм и фабрикэр зытрищIыхьыну щIыIыхьэр хухихынущ.

«КАРСУ» тырку компаниеми и директорхэм я советым хэт Молэ Ариф зэрыжиIамкIэ, ди республикэм къыщIызэIупхъхьунущ щагъэхэр зыгъэхъэзыр, щэкI къыщIэзыгъэкI, щыгъэн зыд Iэнатlэхэр икIи а Iуэхуэхэр абы и лэжьэгъуэхэм я деж щыпхигъэкIыну и мурадщ. КъБР-м и Правительствэри хьэзырщ а лэжьыгъэхэр дэгъэкIыным пыщIа документацэр гъэхьэзырынымкIэ, зыхуеину щIыр гъэбелджьынымкIэ Тырку и хьэрычэтыщIэхэм защIигъэкъуэну. Абы къыдэкIуэу лъэныкъуитIыр зэгурыIуащ мы компаниер КъБР-м и щIыналъэм гидроэлектростанцэр щыхуэзыным теухуа проектхэр гъэхьэзырыным къыхэшэным зэщIыгъуэ хэпльэну.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1 **Къэжэр Альберт**, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Тхьэзэплтыжь Мурат** сымэ.

УРЫСМАМБЭТ Бэллэ.

Iуащхьэмахуэ щхьэкIэ Iэ доIэт!

Сурэтыр **ПЕТИКОВ Игорь** *трихащ.*

«Урысейм и тельыджибл» урысейпсо зэпеуэм ди республикэр зэрыгушхуэ Iуащхьэмахуэ уардэ текIуауэ щытлъагъуныр зыхуэIуа щыIэкъым. Абы папщIэ Iэ тIэтын хуей къудейуэ аращ. Iэ пIэт хъунущ мы сайтыр къэбгъэсэбну http://www.ruschudo.ru/.

Iэ пIэтыным гугъуехь гуэрри пылъкъым: сайтым уихьа нэужь, Iуащхьэмахуэ и сурэтыр къыщIыбогъэщри, «Iэ Iэт» жиIэу экраным къищым тыбокъуэз, къищынэмыщIауэ символ зыбжанэ щIыпIэ хэхам иботхэ. Апхуэдэ дыдэу Iэ пIэт хъунущ жып телефонхэмкIи. Абы папщIэ 47 бжыгъэр 4565 номерымебгъэхьын хуейуэ аращ. Хъыбарым соми 8 е 9 и уасэу аращ.

● Хъыбар гуапэ

КIуэкIуэ Юрий и лIыгъэр ягъэлъапIэ

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир 2008 гъэм гъатхэпэм и 26-м кьыдигъэкIа Указ №408-мкIэ «Хэкум и пащхьэ щIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и IV нагъыщэр хуигъэфэщащ УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм Зэщ1эгъэуIуа щIэпхъаджащIэ гупхэмебэныныкIэ и департаментым и унафэщIым и япэ къуэдзэ, милицэм и генералкIэнант КIуэкIуэ Юрий. А дамыгъэ лъапIэр ди лъахэгъум кьыхуагъэфэщащ урысей къэралгъуэр гъэбыдэным, хабзэмрэ законымрэ хъумэным хуэунэтIауэ куэд зэрилэжьам папщIэ.

КIуэкIуэ Юрий 1955 гъэм КъБР-м кьыщалъхуащ. Абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ - Ростов дэт къэрал университетыр кьиухащ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм 1979 гъэ лъандзрэ къулыкъу щещIэ. Ар КъБР-м и Парламентым и депутату щыбжанэрэ хахащ, 1995 - 1999 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министрым и къуэдзэу, криминальнэ милицэмкlэ къулыкъым и Iэтащхьэу щытащ. Адэкlэ и къулыкъур ирихьэкIын папщIэ ар 1999 гъэм Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и Къызэгъэпэщакlуэ-инспектор управленэ нэхъыщхьэм и инспектор нэхъыщхьэу ягъэуваущ. Зэщ1эгъэуIуа щIэпхъаджащIэ гупхэмebэныныкIэ и департаментым кьулыкъу щещIэ. Iэщэкlэ зэщ1эуэзэда щIэпхъаджащIэ гупыр зэтекъутэным, абыхэм ярыбуда щIыхуэхэр кьаIэщIэгъэкIыжыным лIыгъэрэ хахуагъэрэ хэльу зэрыхэтам папщIэ Хахуагъэм и орденыр кьратащ. 2004 гъэм КIуэкIуэ Юрий Александр и къуэм «Урысей Федерацэм кьэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и органхэм щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ» щIэ лъапIэр кьыфIащащ.

КъБР-м и МВД-м и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Мэкъумэш

«Роксанэр» йофIакIуэ

Прохладнэ куейм щыгъэхэт «Роксанэ» мэкъумэш фирмэм гъавэ щIапIэ къудейуэ иIыгъщ щIы гектар мини 5, машинэ-трактор парк, гъавэ хъуманIэ, хадзэкlэ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщагъэкI хозяйствэ щхьэхуэ.

Псом ящхьэращи, зи Iэщ1агъэм фIыуэ хэзыщIыкI лэжьакIуэ гуп зэкъуэти иIэщ. Абыхэм я лэжьэгъуэ, зыгъэпсэхугъуэ зэманхэри кьызыхуэтыншэу кьызэгъэпэщащ. Улахуэр ику иту сом мини 7 мэхъу. Механизаторхэмрэ Iэщ1агъэлIэхэмрэ улахуэм кьыдэкIуэу, кьалэжь мэкъумэш продукцэм щыщIи пщIэншэу ират. Ильэс кьэс Iуэхущ1апIэм и мылькукIэ лэжьакIуэхэм тенджиз Iуфэм махуищкIэ зыщагъэпсху.

Лъэ быдзкIэ ува предприятэр иджыпсту ядоIэпыкьу Прималкинскэ жылагъуэм щыIэ Iуэхущ1апIэхэм: кьуажэ амбулаторэм физиотерапевтическэ Iэмэпсымэ, Щэнхабзэмкlэ унэм - компьютер, ксерокс, микрофонхэр, сабий садым - зыхуей Iэмэпсымэхэр, хьэншыпхэр, библиотекэм - тхыльхэр кьахуищхуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.
Прохладнэ куей.

Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэн мурадкIэ республикэпсо щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м ***№82-ПП***

«2007 - 2011 гъэхэм ветеранхэм, ныкъуэдыкъуэхэм, зи ныбжь хэкIуэта щIыхьэм ядэIэпыкьун» республикэ программэ зэхам ветеранхэмрэ зи ныбжьыр хэкIуэта щIыхьэмрэ ядэIэпыкьуным бюджетым щымыщ ахъшэ къыхэзгъэсэбэныным теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еш:**

1. Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэн мурадкIэ 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 19-м республикэпсо щэбэт щIыхьэху егъэкIуэкIыным теухуауэ «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къыхилъха жэрдэмыр дэIыгъын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм, къэрал, уней Iуэхущ1апIэхэм, предприятэхэм, организацэхэм чэнджэщ етын нэхъыжьхэм дэIэпыкьун щхьэкIэ ирагъэкIуэкIыну республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтыну икIи зы махуэ лэжьапIэр а щIыхуэхэм хухахыну.

3. Нэхъыжьхэм зыщIагъэкъуэн щхьэкIэ ирагъэкIуэкIыну республикэпсо щэбэт щIыхьэхум хэтынухэм псапащIэ взносыщIыкIэу ятыну ахъшэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым ягъакIуэ «Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм налогхэу щымыт я нэгъуэщI хэхъуэхэр» 961 1 17 05020 02 0000 180 кодым тету «Федеральнэ казначействэм и органхэм Урысей Федерацэм и бюджет системэ зэмылIэужьыгъуэхэм трагуащэ хэхъуэхэм» я счет 40101810100000010017-м. Хэку зауэшхэм ныкъуэдыкъуэ ищIахэм, хэтахэм, хэкIуэда зауэлIхэм я фызабэхэм илъэс кьэс зэ тыгъуэ ягъэ ящIыгъуэркIэ хэувэу ар кьратынущ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхэм ТекIуэныгъэ кьызэрыщытхьрэ илъэс 63-рэ щагъэлъэпIэну махуэм екъуIэу.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм (Тюбеев А.И.), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А.И.) 2008 гъэм накьыгъэ мазэм и 9 пщIондэ къызэрагъэпэщын хуейщ Хэку зауэшхэм хэкIуэда зауэлIхэм я фызабэхэм, ныкъуэдыкъуэ хэхъуэхэм, хэтахэм зэ тыгъэу илъэс кьэс ират ахъшэр, «1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхэм ныкъуэдыкъуэ хэхъуэхэм, хэтахэм, апхуэдэуи хэкIуэда зауэлIхэм я фызабэхэм ядэIэпыкьуным теухуауэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхуэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2005 гъэм накьыгъэм и 4-м кьыдигъэкIа Указ №29-УП-мкIэ ягъуэва зэ ахъшэ тыгъуэу сом мини 5-р яIэрыхьэныр. Ахъшэр ягъэкIуэн хуейщ ар зыIэрыхьэнухэм я счетхэу кредит организацэхэм кьыщIэзыIуахахэм е Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и Iуэхущ1апIэхэм.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм (Тут З. Н.) къызэригъэпэщын хуейщ нэхъыжьхэм дэIэпыкьуну ирагъэкIуэкIыну республикэпсо щэбэт щIыхьэхум теухуа нэтынхэмрэ тхыгъэхэмрэ.

6. Мы Унафэр гъэзэщIа зэрыхьэм кIэлъыплъыныр и пщэм дэлъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэ Дыщэкl М. Р.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и кьалэнэр зыгъэзащIэ
ТХЬЭЗЭПЛЪЫЖ Мурат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

№187-рп

2008 гъэм мэлыжьыхьым и 14-м ***Налшык къалэ***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм жэщми махуэми ику ит хуабагъ щыIэ зэрыхьуам кьыхэкIыу:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностымкlэ, гъэсэныпхъээнергетикэ комплексымрэ къуэпIэ-комунальнэ хозяйствэмкlэ и министерствэм кьалэн щыщIын, муниципальнэ районхэм, къалэ округхэм я администрацэхэм я деж нигъэсыну 2007 - 2008 илъэсхэм я гъэплIагъуэ зэманыр, щыIэ хабзэм тету, 2008 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м яухыну.

2. Мы Унафэр республикэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм кьытрегъэдзэн.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныр и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Чеченов А. А.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ЯРИН Андрей.

Пэнагуэ Максим и къулыкъум кьытонэж

Тэрч муниципальнэ районым и щIыпIэ самоуправленэм и советым и сессие зэхэтащ.

АБы ХЭТАХЭМ дыгъащ щIыпIэ самоуправленэм и Iэтащхьэм и къулыкъым ягъэувынур кьыхэхыныкIэ зэпеуэ езыгъэкIуэкIа комиссэм кьигъэльэгъуар икIи а къулыкъум Пэнагуэ Максим Аэзмэтджэрий и кьуэр кьытранэжащ.

Сессием хэтащ КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Унафэщ1 **Къэжэр Альберт**.

КъБР-м и Президентымрэ и Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Iуэкlуэ гуапэ

**Уху хуэмыдэ, ящIэгъэнкIэ, ящIэгъэнкIэ, ящIэгъэнкI

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

КъБР-м и Парламентыр илъэс 70 зэрырикъум зыхуагъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хабзэубзыху Iэнатlэ нэхъыщхьэр кьыз эрыунэхуэрэ илъэс 70 зэрырикъур Iэтауэ республикэм щыгъэлъэпIэным зэрызыхуагъэхьзыр Iуэхуэхэр зэтраублащ. Махуэшхуэр кьызэгъэпщынымкIэ комитетым хэтхэм Iа ялъэ зэIущIэр КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ мэлыжьхьым и 10-м.

ЗЭIУЩIЭР иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен** Абы апхуэдэу хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Бечелов Ильас**, Президентым и Администрацэм и Iэтащхьэ **Къэжэр Альберт** УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ федерал округым щыIэм и аппаратым и инспектор нэхьыщхьэу КъБР-м щыIэ **Меркулов Александр**, депутатхэр, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр.

- Парламентым и зэфIэкIымрэ гуащIэмрэ нэхъ убгъуэуэ нэрылъагъэр зэ кьыщыхъуар иужьрей илъэс 15-рщ, - жиIащ республикэ унафэщIым. – А лъэхъэнэращ къэрал къулыкъум и унэтIынымгъэ нэхъыщхьэхэр щIащ Парламентым и Унафэщым и къудзэ **Бечелов Людмилэ**. Абы кьызэрыхигъащамкIэ, Парламентым и махуэшхуэ зэIущIэ зохашэнущ, спорт лIэужьыгъуэ зыбжанэкIэ зэхьэзэхуэхэр кьызэрагъэпщынущ, Iуащхьэмахуэ дзкIынущ, Налшык и Театр Щхьэантlэм концертышхуэ щыIэнщ. Апхуэдэу я мурадщ Парламентым и унэр кьагъэщIэрэщIэжьину, зэIущIэхэр щекIуэкI пэшыщхьэр иджырей мардэм тету кьызэрагъэпэщынущ. Республикэм и курыт еджапIэхэм депутатхэр зыхэт дерс зэIуэхэр щегъэжьIуэкIынри, «СтIол хуэрейкэмрэ» щIэныгъэ конференцхэмрэ кьызэрэпэщынри, юбилей тхыль кьыдэгъэзекIынри) ядэIуэ нэужь, Президентым жиIащ щыгъэжьмрэ концерт нэужьым хьэрэкIытIэ зэмыфэгъуэхэр гъэузынымрэ махуэшхуэр нэхъри игъэдахэну кьызэрипльытэр. Апхуэдэу псоми дайгъащ а махуэм и щыхькIэ жыг 70 хасэу депутат алеев фIащыну Меркулов Александр кьыхилъхьари.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

ЪэщIагъэлIхэм елъытар

КъБР-м и Президент Программэмкlэ Iэщlагъэлlхэр гъэхъэзырыным теухуа зэIущIэ мэлыжьхьым и 11-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щекIуэкIащ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен,** УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэ Федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и инспектор нэхьыщхьэ **Меркулов Александр,** КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къудзэ **Тхьэзэптlыж Мурат,** япэ Президентым и Администрацэм и УнафэщI **Къэжэр Альберт,** министрэхэр, Президент Программэм инкъ иткIэ зи щIэныгъэм, Iэщlагъэм хэзыгъэхьэуну щIалэгъуалэр.

- КъБР-м и экономикэм щIэм тету зедгъэужьын папщIэ, дэ дахуэныкъуэщ менеджер, унафэщI лъэщхэм, сыт и лъэныкъуэкIи зи гъэжьыгъэм фIыуэ хэзыщыкI Iэщlагъэлlхэм, - жиIащ зIуущIэр кьыщыхэзыIуихьым КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен.** Республикэм и экономикэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэн, абы хэлъхьэныгъэ хуэзыщыфынгъэхьэзырынырщ кьыхэптхъэ Программэм и кьалэн нэхъыщхьэр. Кьыхэдгъэщынщи, Урысей Федерацэм нэгъуэщI и зы хэгъуэгуи щылажьэркъым апхуэдэ программэ. Илъэситхуэ кьрибыдзэу зи щIэныгъэм, Iэщlагъэм Урысеим и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, дунейпсо бизнес школхэм щыхэзыгъэкъуахэм, ёэжьыгъэ и пIалъэ хамэ къэрал щыIэ Iуэхущlапlэ инхэм кьыщызыщIахэм республикэм и экономикэри кьызэрагъэпхуэм щэн хэлъкъым.

АдэжI Президент Программэр зэрылажьэм зэпкърыхауэ кьытеуеныIаш КъБР-м экономикэ зыужьынныгъэмрэ затумкIэ и министр **Мусуков Алий.**

- Программэр унэтIынныгъ щIкIэ зэщхьэщыхауэ щытщ, - жиIащ министрым. - Iянэр - зыкьрычэтыщIэ Iуэху щыкIуэр кьыззэIыгъэтэщыкIи Iуэхущlапlэ Iуэхуэхэм, етIуанэр - ди Iэщlагъэлlхэм я щIэныгъэм дунейпсо бизнес школхэм щыхэгъэхьуэн; ещанэр - арбитраж унафэщIхэр егъэджэнкIи кьызэрэгъэщIын. Япэ Iуэхумкlэ зэгурыIуэныгъэ етщIыIащ Москва Плехановым и ЦIыр зезыхьэу дэт академием хэт дунейпсо бизнес школым. А программэр мэлажьэ нэгъабэ лъандэрэ, икIи а зэманым кьрибыдэу хьэрычъыщIэ Iуэху щыкIуэм епха Iэщlагъэлlу 70-м щIигъу ягъэхьэзыращ, иджыпсту абы я щIэныгъэм щыхагъахьуэ щыхьу 30-м. Еджапlэр кьэзыхуахэм яшыщIу щыхьуи 8-м, зи щIэныгъэр нэхъ кууэ хьалъытахэм, къуэкIыпIэ къэралхэм стажировкэхэр щрагъэжьIкIащ.

Ди Iэщlагъэлlхэр дунейпсо бизнес школхэм щеджэжьи кьызэрэпэщыныр и пIэ дэтлъхьащ «Итэк» ООО-м. Апхуэдэ еджапIэхэм я щIэныгъэм щыхагъэхьуэну гупыж ящIат щыхьу 44-м. Дунейпсо бизнес школхэм ущеджэн папщIэ иныджыкIызыбзэр фIыуэ пщIэн хуейщ. Абы кьыдэкIуэ, бизнес зэращIэр къэтпщытэу едгъэжьэкIа тест лэжьыгъэхэм пэльэщар щыхьу 32-рщ. Иджы «Итэк» ООО-м и Iэщlагъэлlхэр Налшык къэкIуэнуэ, абыхэм инджыкIызыбзэр нэхъ кууэ ирагъэдзыжынущ. Гъэмахуэм экзаменхэр ятынуэ, абы кьрикIуэхэмрэ я документхэмрэ зэгъгъуэу бизнес школхэм ирагъэхьынущ. Кьэпщытэныгъэхэм зэрыпхыкIым елъытауэ, адэкIэ я щIэныгъэм хамэ къэралхэм щыхагъэхьуэнущ.

Республикэр зыхуеину, арбитраж унафэщIэр Бизнесымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым игъэхьзырынущ. Абы я щIэныгъэм щыхагъэхьуэну кьуэдзэ 36-м я пIэлъу тхыльхэр кьытIэрыхьат, ауэ программэм ипкъ иткIэ дзэгъэзыырын хуейр Iэщlагъэлl 20-щ. Бизнесымкlэ институтым и гъэжьакIуэхэм абыхэм я зэфIэкIымрэ кьыщытэрри, зи щIэныгъэкIэ а Iуэхум нэхъ пэльэщыну, хэзэгъэну кьальытатэр кьыхахащ.

АдэкIэ «Итэк» ООО-м и унафэщI **Колташевэ Нинэрэ** Бизнесымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и ректор **Хъурей Феликсрэ** я гъжьыгъэр зэрэкIуэкIынущ.

Зи щIэныгъэм, Iэщlагъэм хэзыгъэхьуэну уэрыхэм я упщIэхэм зэрэкIуэкIынущ Къанокъуэ Арсенрэ Мусуков Алийрэ.

щхьэщымыщI Изэ.

● Хэку зауэшхуэм и тхьдэм щыщ напэкIуэцIкIэр

Бийм и зауэлI гъэрхэр

АУЭ МАЩIэ дыдэщ хэтщыкIыр бийм и зауэлI гъэру Совет Армэм кьиубыдауэ щытахэм я бжьагъэм, ахэр зэрагъэIыгъа, зэрахъума, зэрагъэшха щыкIэм.

Совет-герман фронтым щекIуэкIа зэхэзэшхуэхэм ехьэлIа тхыгъэхэм цкъеджа, архивым щIэлъ дофтэхэм щыгъуэзэ зыпщIа нэужь, гу лъыботэ 1941-1945 гъэхэм фашист Германиемрэ абы и союзникиу щыта къэралхэмрэ я зауэлIу ди дзэм гъэру кьиубыдахэм я бжьагъэ зэхуэмыдэу зэрагъэтаган.

Зауэм щыщIидзагъащIэм а бжьагъэр куэд хъууэ щытакъым. Кьапщтэмэ, 1941 гъэм щыщхьэIуи и 10-м ирихьэлIэу ди къэралым зауэлI гъэрхэр щаIыгъ и лагерхэм исар щыщу 1990-рэ кьудейт, абы щыщу румынхэр зэрыхьэр 1016-рэт, нэмыщхэр - 974-рэт.

(Абы щыгъуэм ди зауэлIу бийм гъэру иубыдам и бжьагъэр хуэдэ зыбжанэкIэ зэрынэхъыбэм кьудыр щыгъуэзэщ).

Зэманыр кIуэтэху зи гур нэхъ кьызэрыгъуэтыжа, зауэ хуэIухуэщIэхэм нэхъ Iэкlуэлъакlуэ хуэхъуа советыдзэхэм гъэру кьаубыдахэм я бжьагъэри зэпымыууэ хэхъуащ. 1942 гъэм и щкIуэгъуэ-дыгъэгъазэ мазитI ещIдейм кьрибыдзэу абыхэм гъэр кьащIащ мин 70-м, 1943 гъэм и щыщIыпIэ-мазае мазитIым - мини 150-м щIигъу.

Сталинград и деж бийм щэтракъутэу, щIыху мин 90 гъэру кьаубыда нэужь, гугъу хуэщI ахэр хьумэным ехьэлIа Iуэхуэхэр. Гъэрхэм я Iыхьэ щанэр ныкъуэдыкъуэ, лъэрымыхь дыдэт, зэман кIыхькIэ щIыщIэм игъэдыкъауэ, мэжэщIэлIауэ зэрыщытам кьыхэкIыу, абыхэм ящыщу цIыху 35099-рэ сымаджэщхэм щIигъэгъуэлъхьэн хуей хъуат.

1941 гъэм мэкъуаугъуэм и 22-м щыщIидзауэ 1945 гъэм и щIыщIэпэм и 20 пщIондэ гъэру кьаубыдам я бжьыгъэр нэсауэ щытащ цIыху 1.009.298-м. Псори зэхэту EтIуанэ дунейпсо зауэм кьриубыдэу (япон зауэлI гъэрхэри хэту) абыхэм я бжьыгъэр 4.126.964-рэ хъуу щытащ. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм (сымаджагъэм, уэгъэ хьэлъэ зэрателъам, жьыгъэм, зауыкIыжьым, лэжьыгъэ здыIэпэрытым кьыщыхьуа насыпыншагъэхэм, зауэм хэжьхэуэкIагъэ зэрыщIэрахьам кьыхэкIыу суд унафэкIэ зэрауклам) щIэпхъуэжьыну зэрыхэтам папщIэ зэрауклам кьыхэкIыу гъэрхэм ящыщу цIыху 580548-р ящIэдащ. Абыхэм ящыщу генерархэр 138-рэ, офицерхэр - 8715-рэ, унтер-офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ - 571695-рэ хъурт.

ЖьыIэн хуейщ зауэм и япэ илъэсым гъэр куэд IыгъынIэм ди къэралыр хэхъхъэныр зэрыщымытар. 1941 гъэм СССР-м и НКВД-м кьызэригъэпэщауэ щыта гъэр IыхьпIэхэр (АПП) Iуэхум пэльэщыртэкъым. А щхьэусыгъуэм кьыхэкIыу СССР-м и НКВД-м 1942 гъэм мэкъуаугъуэм и 5-м кьыдигъэкIа унафэм ирихьэлIу, АПП-хэм IыхьпIэ-гуэшыпIэ лагери 6 кьыхагъэхьуауэ щытащ.

(Гу зыльытатхэ: фронтым Iут совет зауэлIхэм кьаубыдэ гъэрхэр НКВД-м и дзэхэм кьрату щытащ, лагерхэм трагуэшэн, я Iыгъын, яхъумэн, я гъэлэжьэн папщIэ).

1942 гъэм и кIэм ирихьэлIэу АПП-хэм я бжьыгъэр хъуащ 44-рэ, IыхьпIэ-гуэшыпIэ лагерхэр - 15.

Кьаубыд гъэрхэм я бжьыгъэр хъуащ 64-рэ, IыхьпIэ-гуэшыпIэ лагерхэр - 15.

Кьаубыд гъэрхэм я бжьыгъэр кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыкъуэмыкIыжьыну, 1943 гъэм и щIыщIыпIэ-мазае мазэхэм СССР-м и НКВД-м и унафэкIэ фронтым и тылыр зыхьумэ НКВД-м и дзэхэм я дежь кьыщызэрагъэпэщащ зыщытащ гуп щхьэхуэхэр. Абыхэм я пщэм кьыдахьуэрт гъэр кьаубыдахэр фронтым Iут зауэлIхэм кьеIыхьинри, ахэр хьумэныр, тылым гъэIэпхъэныр.

1943 гъэм СССР-м и НКВД-м и унафэкIэ тезыгуашэ лагерхэр зэрэкъуэгъэкIагъэ щытащ фронтым щыIэ IыхьпIэ-гуэшыпIэу, ФПП-м фIэщыгъэщIэр зиIэр, нэхъ иужьыIуэкIэ АПП-рэ ФПП-рэ кьадэкIуэу, ежьэрагъэпщауэ щытащ СП-кIэ зэджэ зэхуэшэсыпIэхэр.

1944 гъэм и кIэм ирихьэлIэу зауэлI гъэрхэр кьащIыIах IуэхущIапIэхэм я бжьыгъэм икъуэкIэ хэхъуащ. Фронт кьудамэхэр хъурт 12, фронт лагерхэри апхуэдизу дыдэ, СПхэр - 49, АПП-хэр - 72.

«ЗауэлI гъэрхэм теухуа Положенэу» СССР-м и Совнаркомым 1941 гъэм мэкъуаугъуэм и 1-м кьищта унафэм ипкъ иткIэ, гъэр сымаджэхэмрэ я уIэгъэ зыпетIыжрэ НКВД-м и лагерхэм ирагъащIэртэкъым, атIэ СССР-м зыхъумэжьынымкIэ наркоматымрэ Узынщагъэр хъумэнымкIэ наркоматымрэ я госпиталь щхьэхуэхэм иратырт. Ауэ апхуэдэ гъэрхэр хъумэныр зи пщэм дэлъыр гъэрхэмрэ я гъэшIэн, яIыгъын, яхъумэн, я гъэлэжьэн папщIэ).

1942 гъэм и кIэм ирихьэлIэу АПП-хэм я бжьыгъэр хъуащ 44-рэ, IыхьпIэ-гуэшыпIэ лагерхэр - 15.

Кьаубыд гъэрхэм я бжьыгъэр хъуащ 64-рэ, IыхьпIэ-гуэшыпIэ лагерхэр - 15.

А унэр зыгъэпIлъыр, псы хуабэ кьэзыгъэр «Налшыктеплознерго» ОАО-м и котельнэу Идар Т. и цIэр зезыхьэ уэрамым тетырщ. А унэм щхьэкIэ котельнэ щхьэхуэ 2008 гъэм ухуэныр зи программэм хагъэхьаи а ОАО-рщ, ахьшэ кьыхъуытIыпщмэ, апхуэдэ кьалэнри зэфIэкIыбфынущ. Кьэбэрдей уэрамым тет унэ №194-м и пщIантIэм уэрт ямыщIауэ автотранспортыр зэрыдыхьэм икIи зэрыщагъэувым и гугъу пщIымэ, а Iуэхуэгъуэм унафэ тезыщIыжьын хуейр ТСЖ-м и правлениэрщ, Налшык кьалэм и 3-нэ ОВД-м и ГИБДД-р и гъуэгу.

Гъуэгур зэрагъэпэщыж, электричествэ зэрыкIуэну кIапсэр яукъуэдий

«Дэ, Хьэхъупащэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тесхэр (Комсомол паркым и Iэгъуэблагъэм), дыныволъэIу сы фIейр зэрыкIуэ бжьамий гъуэгу нэхъыщхьэр укъуэдиныжкIэ дэIэпыкъуэгъу фыкъыхтухуэхунэ. Абы кьищынэмыщIауи, ди уэрамым щыхэтIакъым электричествэр зэрыкIуэ кIапсэхэр зыифIалъхьэ пкъохэр. аращи электрокъарур ди гъэнэгу уэрамым къращхьэж зэрыкуэзэфIэкIым хуэдэу. Дэ гъуэгу тэмэми диIэкъым. Дыщогучъ ди лъэIур гулъытэнщэу къэмыкIэну».

Тэхъу А., Нартхьалэ.

Жэуап ирет КъБР-м щыщ Аруан муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэ **Къудей Руслан**:

- А ХЬЭБЛЭМщыпсэухэм дащыIуцIам зэIымыбэ псом я нэхъ гугъуу кьыщIэкIащ псыкапIэ зэрамыIэр. Нарткьалэм и къэкъкIэ мы зэманым канализацэ коллектор аухуэну Iэмал щылъыжьам, абы текIуэдэн ахъшэ зэрамыIэм кьыхэкIыу. Ауэ а Iуэхуэм я мурадщ кьурыт школ №07-р. Проект-смет-тэ документацэр зэхалъхьауэ щытащ 2005-2006 гъэхэм тещIыхьауэ, КъБР-м и инвестицэ программэм ипкъ иту. А Iуэхуэгъэр зэфIэкIыжьмэ, а хьэблэм щыпсэуэхэр псы фIейр зэрыкIуэн канализацэмкIэ кьызэрэпэща Iуэхунущ.

2008 гъэм я мурадщ ХьэхъупащIэм и цIэр зезыхьэ уэрамым пшахъуэрэ мывэ-щхьэгъуэрэ зэрыщIэтыр, а Iуэхуэхэр кьалэ электросетым пащIащ, ауэ апхуэдэуи йогупсыс электрокъарур зэрырикIуэну щхьэкIэ. Ауэ а Iэмалыр хэхуэрэ кьэзытыну Налшык Къэбэрдей уэрамым тет унэ №194-м щIэсхэм, сыту жыIэмэ ар хьэзыр хуэдэу Iуэхуэхэр щыщIагъэтIысхьар 1997 гъэрщи.

А унэр зыгъэпIлъыр, псы хуабэ кьэзытыр «Налшыктеплознерго» ОАО-м и котельнэу Идар Т. и цIэр зезыхьэ уэрамым тетырщ. А унэм щхьэкIэ котельнэ щхьэхуэ 2008 гъэм ухуэныр зи программэм хагъэхьаи а ОАО-рщ, ахьшэ кьыхъуытIыпщмэ, апхуэдэ кьалэнри зэфIэкIыбфынущ. Кьэбэрдей уэрамым тет унэ №194-м и пщIантIэм уэрт ямыщIауэ автотранспортыр зэрыдыхьэм икIи зэрыщагъэувым и гугъу пщIымэ, а Iуэхуэгъуэм унафэ тезыщIыжьын хуейр ТСЖ-м и правлениэрщ, Налшык кьалэм и 3-нэ ОВД-м и ГИБДД-р и гъуэгу.

Iапсэр зэрауклуэдинуми.

ЕхьулIэныгъэхэр нэхъыбэху, стипендиери нэхъ ин мэхъу

«МАДО»-м (щIэныгъэ нэхъыбэ зэгъэгъэтыныкIэ щIэныгъэхэм я ассоциацэм) иригъэкIуэкI Iуэхуэхэм я фIыщIэкIэ МОУ СОШ №27-р гъэ конференцхэм икIи Московскэ техническэ университетым щIэтIысхьаи стипендие зратын хуейхэм ящыщу. Ар и щIэныгъэм кьыпищэну зэрыхущIэкъур зыгуэркIэ дэсIыгъын щыхьэкIэ, сэ сом мини 100 хьу кредит къэIысхаш икIи ар мы зэманым сопшыныж. Си дежкIэ тынщхьэм ар, сыныволъэIу зыгуэркIэ зыкъысщIэвгъэкъуэну.

Мельникова Н. А., Налшык къ.

Жэуап ирет КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**:

- ЗЫщIэТIЫСХЬэНУ еджапIэ нэхъыщхьэр кьыхэхъныр, апхуэдэуи пщIэ зыщIат щIэныгъэ конференцэм хэтыныр езы студентым и Iуэхужщ. Мы письмор кьызыбгъэдэкIа цIыхубзым и къуэр екъуIэныгъэ иIэу еджамэ, абы академическэ стипендие къратын хуейщ. Фы дыдэу еджамэ, ар КъБР-м и Президентым и стипендием щыгугъ хъунущ. Апхуэдэ стипендиер кьыхъыщIэ, дяпэкIи нэхъыфIыжу еджэныгъэ зригъэгъуэнущ, финанс дэIэпыкъуныгъи зэхъунущ. КьищынэмыщIауэ, цIыхухэм социальнэ зращIхьащIыж органхэм кьабгъэдэкIыу зыхуей справкэхэр зэхуихьэсэрэ еджапIэм иригъэ, Вячеслав хуитныгъэ иIэщ хэхъуэ мащIэ фIэкIа кьызыIэрымыхьэ унагъуэм щыщ студенту зэрыщытым кьыхэкIыу социальнэ стипендие къратыну.

Мыри жьыIэну сыхуейт: сабий зеинщэхэм, адэ-анэ зыщхьэщымытыжу кьэна сабийхэм, Чернобыль АЭС-р кьызэрыуам, радиацэ кьэзыта нэгъуэщI кьулейсызыгъэхэм 1-нэ, 2-нэ гупхэм хабжэ ныкъуэдыкъуагъэ кьыхэзэхьахэм, зэхэзэхэм хэтахэм, абыхэм ныкъуэдыкъуэ щыхъуахэм академическэ стипендием нэмыщI социальнэ стипендие ират.

Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрамым автотранспорт зэхэзгъэувапIэ щыIэу адажьыщхьым

«ЪлъэIукIэ зыфхудогъаэ Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым (5-нэ микрорайонымI уухаикIэ биржэр щыIэхуащIыжьыну. Унэ щхьэгъубжэхэр Iуах хъуркъым: сабэр гъуэзу зэрехьэ, хьэлъэ зэрылъ машинэхэм я гъуэхуэ макъыр пщэдджьыжьым щегъэжьауэ пщыхьэщхьэм нэсыкъу зэпыурхъым. Лъэс зекIуапIэ гъуэгуэм я Iуфэ уда щхьэантlэхэм ягъэдэхэн хуейхэр пхъэнкIиикIэ кудащ. Уэрамым щыщ Iыхьэ зекIуапIэр автотранспорт гъэувапIэ ящIащ. Дэ зыхуэдгъэзат Налшык кьалэм и администрацэм, ауэ зыри къикIакъым».

Александровэ В. А., Налшык къ.

Жэуап ирет Налшык кьалэм и администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэмгъуокъу Леонид**:

- НАЛШЫК кьалэм и 1-нэ ОВД-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэр ди гъуэгу дыкIуэри Тэрчокъуэм и уэрамым щыщIэдзауэ Байсултановым и уэрамым нэсыкъу Iыхьэм Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрамым хьэлъэ зэрагъэпэгъэуэ автотранспортыр зэрыщагъэувыр кьэтпщытащ. КьызэрыщIэкIамкIэ, махуэм и кIуэцIкIэ хьалъэзешэ автомашинэхэмрэ техникэ хэхамрэ Калюжнэм и цIэр зезыхьэ уэрамым и бгъэдэтIымкIи щызэтрехьэ, Тэрчокъуэм и уэрамым щыщIэдзауэ Байсултановым и уэрамым нэсыкъу. Нэдлшык кьалэм и 1-нэ ОВД-м и ГИБДД-м и пщэ далъхьащ а щыIэпIэм гъуэгу дамыгъэжьам кьагъэуэ Iуэхуэгъэхэр зэрыщагъэзащIэм кIэлъыплъы-кэ гъэжьахэр щытрагъахьащ абыхэм. Апхуэдизу дыдэ идкIыри кьащIыпытащ. Лжьыгъэм щыпащэнущ Комсомолым и цIэр зезыхьэ лъагъэмрэ сабий аттракционымрэ.

ЖАНХЪУЭ Зуэз.

● КъБР-м и прокуратурэм

Нэхъри щIэгъэткIиен

КъБР-м и прокуратурэм и коллегием и зэIущIэ екIуэкIащ, кьалэ, район прокурорхэр, Iэнатlэм и кьудамэхэм я унафэщIэр кьрихьэлIэу. Абы щытепсэльыхьащ «Суд щекIуэкIкIэ щIыхуэм конституцIэкIэ яIэ хуитныгъэхэр хьумэныр прокурор кIэлъыплъыныгъэм щIэтщIэуэным теухуауэ» УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэм 2007 гъэм щэкIуэгъуэм и 27-м кьыдигъэкIа Унафэ №189-м кьиугъэнхэр ялъэс кIуэм республикэм зэрыщагъэзэщам.

ДОКЛАД зыщIа республикэм и прокурорым и япэ кьудзэ Жекеев Алик кьытеувыIащ: следователхэмрэ дознаниемкIэ Iэнатlэхэмрэ уголовнэ Iуэху уэр щызэхагъэкIкIэ, УФ-м и конституцэм, уголовно-процессуальнэ хабзэм къагъэувэжэм ткIийуэ тетын папщIэ КъБР-м и прокуратурэм и органхэм зыхуей псори зэрэлэжьым.

БлэкIа илъэсым прокуратурэм, Следствиемкlэ Комитетым Iуэхуэр зэхэзэгъэкI я лэжьакIуэхэр хэплащ кьаIэрыхьа хьыбар 3923-м. Абыхэм япкъ иткIэ кьаIэтащ уголовнэ Iуэху 541-рэ, щIэпхъэджагъэ ялэжьа хуэдэу кьаIэрыхьа хьыбар 2941-м теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтын ядакъым.

Прокуратурэм и следователхэр зыхэпльхьэр уголовнэ Iуэху 1992-рэ хъурт. Ий ипкъ нагъэса 540-м щыщу судым ирагъэхьащ 425-рэ.

УФ-м и УПК-м и 91-нэ, 92-нэ статьяхэм япкъ иткIэ прокуратурэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ цIыхуи 128-рэ. Тутнакъыу щIэпIыгъын щхьэусыгъуэ ямыIэу кьалытэри, цIыху 26-рэ яутIыпщкащ. Прокурорхэмрэ следователхэмрэ судхэм я пащхьэм кьыщаIэтащ агъэхьэуаншэхуэ 125-м я Iуэхуэгъэ зэхэзыхуу, щэн зыхуащIэр щхьэхуимыту яIыгъыну. Уголовнэ Iуэхуи 103-р кьыдэтрагъэувыащ, абы щыщу хей зэрамыщI щхьэусыгъуэкIэ 35-рэ, хей зэращIкIэ - 68-рэ.

Республикэм и кьалэ, районхэм я прокурорхэр кьрихьэлIэу, хэпльащ Iуэхуэр зэхэзыгъэкIхэм ятеухуа тхьэусыхафэ 348-м.

Республикэм прокуратурэр кIэльпоплъ тезыгъэр щагъэзэкIуэж Iуэхущlапlэхэм, шэч зыхуащIэмрэ я щапхъэм кьыщаIэтащ агъэхьэуаншэхуэ 125-м я Iуэхуэгъэ зэхэзыхуу, щэн зыхуащIэр щхьэхуимыту яIыгъыну. Уголовнэ Iуэхуи 103-р кьыдэтрагъэувыащ, абы щыщу хей зэрамыщI щхьэусыгъуэкIэ 35-рэ, хей зэращIкIэ - 68-рэ.

Республикэм и кьалэ, районхэм я прокурорхэр кьрихьэлIэу, хэпльащ Iуэхуэр зэхэзыгъэкIхэм ятеухуа тхьэусыхафэ 348-м.

Республикэр прокуратурэр кIэльпоплъ тезыгъэр щагъэзэкIуэж Iуэхущlапlэхэм, шэч зыхуащIэмрэ я щапхъэм кьыщаIэтащ агъэхьэуаншэхуэмрэ пIалъэкIэ щаIыгъ изолятор хэм я администрацэхэм хабзэр зэрагъэзащIэм, абыхэм щаIыгъэхэм яхуоз.

Следственнэ изоляторхэм щаIыгъэхэр зыхуитхэмкIэ нэхъыфIу кьыщэрагъэпэщ хьащ. Дэтхэнэми щыжеин щIыпIэрэ тепIэнщIэльынрэ иIэжщ, ягъэуба пщалъэм тету щэ ягъашхэ, зэрафIыгын хуей пIалъэр кьыщыщэпауи къэхуатхэм.

Жекеев А.М. кьыхилъхащ зытепсэльыхь Iэнатlэхэм щытыкIэр щегъэфIэкIуэным теухуауэ зэфIэгъэкIыпхъэхэр. Гульытэ хэха хуищIащ кьыщIэхуа кьулыкъущIэхэм яхь жэуапыр гъэткIиным.

Колегием зыкъэфащэ унафэ кьищтащ икIи ар ягъэзэщIэн папщIэ кьалэ, район прокурорхэм хуагъэхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-лъэхущIапIэ.

● Налшык

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэр ягъэщIэращIэ

Налшык и теплъэр егъэфIэкIуэным зыкъом лъандэрэ зи гущIэ хэзыльхьэхэм ящыщщ «Гермес», «Авророр» ухуакIуэ Iэнатlэкъэ. Мы зэманым ирихьэлIэу ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэм лъэс лъагъэуэрэ метр зэбгъуэзнатIэ 2500-м плит-

● ХуэIухуэщIэ

Псыр псом я щхьэщ

Налшык и «Горводоканал» IуэхущIапIэм илъэс кIуам щыхуэм Iуэхутхьэбзэу сом мелуан 260-р и уасэ яхуищIащ. Хэхъуэу езы предприятэм иIащ сом мелуан 241-р. 2008 гъэм кьалэну зыхуагъэувыжащ а хэхъуэр мелуан 305-м нагъэсыну.

РЕСПУБЛИКЭМ и кьалащхьэмрэ абы кьегъэщIылIа жылагъуэхэмрэ зэпымыууэ псыр яIэрыхьэн папщIэ предприятэм иригъэкIуэкIыну лъэжьыгъэхэм трагъэкIуэдэнущ сом мелуан 20. Мы зэманым IуэхущIапIэм я мылькъэкIэ бульдозеру 3, автомашинэу 3 кьищэхуащ. Псом ящхьэращи, яхуэзфIэкIащ дзжьакIуэхэм я улахуэм хагъэхьэн: псы зрикIуэ, кьагъэсэбэпа псыр жылагъуэхэм кьыдэзыщI бжьамийхэм якIэлъыплъныкъуэ цехымрэ ремонт-хуэзныгъэ Iэнатlэмрэ я Iэщlагъэлlхэм иджыпсту кьабзэу кьахь сом мин 11-м ялагъэ. Кьаруущуэ зытемыкIуадэ мыдрей Iэнатlэ нэхъ тынщхэм щылажьхэм икуту сом мини 6-м нэс кьахь. Дызытехьа гъэм организацэ щхьэхуэхэмрэ унагъуэхэмрэ кьагъэсэбэпыну хуаутIыпщын хуейщ псы куб мелуан 42-рэ мин 65-рэ. Ар «Горводоканалым» дежкIэ кьалэнышхуэщ. Федеральнэ унафэщIхэм я псальэкIэ щыIыщIэм и 1-м щыщIэдзауэ псым и уасэм хагъэхъуэн хуейуэ щыта пэтми, мэлыжьыхьым и кIэм нэсыкъу предприятэм я пIалъэр игъэIэпхъащ.

БЕКЪАЛДЫ Анатолэ.

● Хэку зауэшхуэм и тхьдэм щыщ напэкIуэцIкIэр

Бийм и зауэлI гъэрхэр

АУЭ МАЩIэ дыдэщ хэтщыкIыр бийм и зауэлI гъэру Совет Армэм кьиубыдауэ щытахэм я бжьагъэм, ахэр зэрагъэIыгъа, зэрахъума, зэрагъэшха щыкIэм.

Совет-герман фронтым щекIуэкIа зэхэзэшхуэхэм ехьэлIа тхыгъэхэм цкъеджа, архивым щIэлъ дофтэхэм щыгъуэзэ зыпщIа нэужь, гу лъыботэ 1941-1945 гъэхэм фашист Германиемрэ абы и союзникиу щыта къэралхэмрэ я зауэлIу ди дзэм гъэру кьиубыдахэм я бжьагъэ зэхуэмыдэу зэрагъэтаган.

Зауэм щыщIидзагъащIэм а бжьыгъэр куэд хъууэ щытакъым. Кьапщтэмэ, 1941 гъэм щыщхьэIуи и 10-м ирихьэлIэу ди къэралым зауэлI гъэрхэр щаIыгъ и лагерхэм исар щыщу 1990-рэ кьудейт, абы щыщу румынхэр зэрыхьэр 1016-рэт, нэмыщхэр - 974-рэт.

(Абы щыгъуэм ди зауэлIу бийм гъэру иубыдам и бжьагъэр хуэдэ зыбжанэкIэ зэрынэхъыбэм кьудыр щыгъуэзэщ).

Зэманыр кIуэтэху зи гур нэхъ кьызэрыгъуэтыжа, зауэ хуэIухуэщIэхэм нэхъ Iэкlуэлъакlуэ хуэхъуа советыдзэхэм гъэру кьаубыдахэм я бжьыгъэри зэпымыууэ хэхъуащ. 1942 гъэм и щкIуэгъуэ-дыгъэгъазэ мазитI ещIдейм кьрибыдзэу абыхэм гъэр кьащIащ мин 70-м, 1943 гъэм и щIыщIэ-мазае мазитIым - мини 150-м щIигъу.

Сталинград и деж бийм щэтракъутэу, щIыху мин 90 гъэру кьаубыда нэужь, гугъу хуэщI ахэр хьумэным ехьэлIа Iуэхуэхэр. Гъэрхэм я Iыхьэ щанэр ныкъуэдыкъуэ, лъэрымыхь дыдэт, зэман кIыхькIэ щIыщIэм игъэдыкъауэ, мэжэщIэлIауэ зэрыщытам кьыхэкIыу, абыхэм ящыщу цIыху 35099-рэ сымаджэщхэм щIигъэгъуэлъхьэн хуей хъуат.

1941 гъэм мэкъуаугъуэм и 22-м щыщIидзауэ 1945 гъэм и щIыщIэпэм и 20 пщIондэ гъэру кьаубыдам я бжьыгъэр нэсауэ щытащ цIыху 1.009.298-м. Псори зэхэту EтIуанэ дунейпсо зауэм кьриубыдэу (япон зауэлI гъэрхэри хэту) абыхэм я бжьыгъэр 4.126.964-рэ хъуу щытащ. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм (сымаджагъэм, уэгъэ хьэлъэ зэрателъам, жьыгъэм, зауыкIыжьым, лэжьыгъэ здыIэпэрытым кьыщыхьуа насыпыншагъэхэм, зауэм хэжьхэуэкIагъэ зэрыщIэрахьам кьыхэкIыу суд унафэкIэ зэрауклам) щIэпхъуэжьыну зэрыхэтам папщIэ зэрауклам кьыхэкIыу гъэрхэм ящыщу цIыху 580548-р ящIэдащ. Абыхэм ящыщу генерархэр 138-рэ, офиц

● ДифІ догъэтпІэ

СыткІи щапхъэ

Цыху щыпкъэуц нкІи щэныфІэуц, зыпэрыкъэ Іуэхур тэрэзу и кІэм нэзыгъэсиф унафэщІ емызэшыжуц Ныр Зубер кьыззрацыхур. Абы и щхъэусыгъэур ар и къаруи, и щІэныгъи, и зэмани, и узынишагъи щымысхъу и кьуажэгъуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным зэрыхуэзэжьэрщ. Нырым и щапхъэр я гъуаззу, гъашІэм мурад щхъэхуэхэр щагъэ увыфу, ахэр зрагъэхъулІэфу, кІэщу жыпІэмэ, сэрэпынагъ гуэр кьэзыхьыфын цыху кьаззрыхъкІыным хущІэкъуу кьэтэджахэр машІэкъым.

Ныр Зубер

НЫР Зубер Аэзэмэт и кьуэр Кьулыкъужьым Ищхъэрэ кьуажэкэм щыщ унагъуэуэм ехьыщхъуащ, езым нэхърэ нэхъыжьу кьуэшыпхъ уу 8 иІэу. Абы и къуэшхэр Хэку зауэшхуэм лІыхъужьыгъэ кьагъэльагъуэу хэтащ, нэхъыжь дыдэ Назир Курск деж щыхэфудзащ.

Зубер 5-нэ классым щІэсу и адэр дунейм ехьажащ, ауэ кьыдалъхуахэм эрэлъэкІкІэ щынэхъыщІэр адэ зиІэм ирамыгъэхъуапсэу кьыщхъэщытащ. Класси 8-р кьиуха нужь, си щІалэгъуэр зауэ зэманым хихыбада адрей ныбжьыщІэмэ ящІэу хуэдэу, Ныр ялхоэм лэжьэн щыщІидзащ. Мэкъу еуэхэм яхэтащ, лэжьакІуэхэр зыхуэныкъуэхэр кьахуриша-лІэу щыгъуи исащ, учетчикыу лэжьащ, кІэщІу жыпІэмэ, зауэ нэужь зэманым щыІа гуГуеуэхь псори и фэм дэкІащ ебыр.

ЩІэныгъэм пщІэ щыхуащІырт Нырхэ я унагъуэм. 30-40 гъэхэм абыхъэм псоми щІэныгъэ гуэр зрагъэгъэ уэтат, нкІи ахэращ кьуажэм ялэ егъэкІахэр я кьыдэжьхэр - Зубер и кьуэш нэхъыжь, Даниил еджапІэм и унафэщІу лэжьащ, абы и пашъхьэ Анимэ-рэ и шыпхъ уэ Луцэ, Мэрэт, Тамарэ сымэ егъэджакІуэу щытащ. Зубер и анэ Лини кьыдальхуахэр ку ейт зэрыщІыкІуэр ефжэным хуэнэхъуеиныбэ щІалэ нэхъыщІэм адэкІи и щІэныгъэм хигъэхъуэну.

1947 гъэм Зубер апхуэдэ Іэмал кьыжьэкІащ: Куба районым щыхуЗм щІэныгъэ егъэгъуэтыныкмкІэ щыІэ Іуэхущапіэм и жэрдэмкІэ, пэщІдзэ классхэм щылажьэну егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр мазэ курсхэр кьыззІуахащ. Зубер ар кьиуха нэужь, 1947 гъэм фокІадэм и 1-м Кьулыкъужьм Ищхъэрэ дэт ильэсибл школым лэжьэн щыщІидзащ, абы кьыдэжьуи и щІэныгъэм Налшык педучилищэм щыхитІэхъуащ. Аужырэ абы кьиухыжащ Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтым тхьыдэмкІэ и кьудамэр. Куэд дэмыкІыу ар агъэуващ ильэсибл еджапІэм (нэхъ ныжькІэ ильэсий еджапІэ ящыкъам) и унафэщІу. Ялэ махуэхэм щыщІэдзаэу Зубер зыкьыгъэльагъэуащ зыпэрыкъэ Іуэхум фІыуэ х эзэщыкІ унафэщІ гумызагъэу.

1958 гъэм Ныр Кьулыкъужьм Ищхъэрэ дэт ещанэ курыт еджапІэм и унафэщІу ягъэуващ. Мыбдеж ар щытыкІэ гугъум кьихуэтат: сабийхэр щрагъэджэну пэшхэр яхурикъуат экъым. Жылэм дэт курыт еджапІэ закъуэм и пэшхэр уэрамым и лъэныкъуитІыкІэ те т, революцэм и пэмІэ ятІэ зэрыбышхэм кьыхэщІыкІэу яухуа унэ цыкІуэхэм щызэбгрыдзат. Кьуэж эр еджапІэ гъэзэм зэрых уэныкьуэр фІыуэ кьызыгурыІуа Нырым кьалэн нэхъыщхьэу зыхуигъэувыжащ икІэщІыпІэкІэ школ ухуэн Іуэхур зэтеублэнырэ. Апхуэдэу абы жылэм дэс нэхъыжьхэм гъусэ ящІри, а зэманым КПСС-м и обкомым и секретарю щыта Мэлбахъуэ Тимборэ деж кІуаІэ. Республикэм и унафэщІым ахэр гуапэу иригъэблэгъащ нкІи зытекІуэха Іуэхур яхуэзэфІигъэкІыну кьыгъэгугъащ.

А зэманым ирихьэлІэу директор гумызагъэм школым и проектыр зэригъэпэщащІэт, ухуэныгъэр яхуэхэ колхозым и кьарукІэ кьыщІадзат, ауэ текІуэдэну мылъкур зэрахуэримыкьуэм и кьыхэкІыу кьыІэзэ тевІэжат.

Мэлбахъуэм кьыззригъэгугъам х уэдэу, Министрхэм я Советым кьикІыу кьэпщытакІуэ гуп кьакІуэри, щытыкІэр зыхуэдэр зрагъэщІащ нкІи ухуэныгъэр республикэм и нэЗм щІэту ирагъэжьІыну зэгурыІуащ. 1959 гъэм щІадзэри, 1963 гъэм щыІу 360-рэ зыщІэхуэн школыр хьэзыр ящІащ. Щымахуэ зыгъэпсэхугъуэр иуха нужь, еджакІуэхэм кьагъэзэжат сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу кьыІэтэщта унэщІэм. Ныбгъэ ящІащ. Ноби кьуажэдэсхэм ящыгъупщакъым жылэм дащІыхьа япэ еджапІэр Ныр Зубер зэрифІыгъэр.

Мы школым Зубер 1967 гъэм и фокІадэ мазэ хьуху щылэжьауэ, ильэсий еджапІэм ягъэкІуэжащ. Аргуэру Ныруи щытыкІэ гугъум кьихутэжат: пэшхэр кьемэщІэжыр т, апхуэдэуи ильэсий еджапІэр кьэзыІуахэр щІэныгъэ зрагъэгъуэутын папщІэ, лъэсу километри 10-м нэс эпачурэ ещанэ ящІыкІ ІлыІ губзыгъэр псоми ягу нэсырти, дэтхэнэ хущІэкъурт абы ещхь зищІыну - НэхъупщІыну. Уеблэмэ щІыкІуэр щІыздэджжгуКІэ, щыІэзэпкъэхъащ. Іуэхущ хуэдэу пашэныгъэ ящІыбыну хущІэкъурт. Нэхъупщ щІыкІ гуапэт, гъасапщІэт, и щхьэ Іуэхум япэ зыкьулэмыкІым и Іуэхур ириГъэщІыртu. ІуэхутхьэрыкІэ щІэныгъэ ящІыбыну, уфІэмыЗлыкІыныр Іэмалынышт.

Ар лІышхуэт, бжьыфІэт, екІуати, хуэфэщэн пщІэрэ фІэлІыкІыныгъэрэ щІыхуэм я деж щигъэуэтт. Нэхъупщ щІэрыІуэ зыщІар и тепльэ дахэрэтэкъым, атІэ и ІуэхущІафэ щхьэпэрт, и кьэл-щэн зэпІэзэрытырт, и мусльмэнныгъэрт, адыгэ хабзэр ткІийуэ зэрИІыгъэмрэ абы ебаныгъэм зэрахуэткІиймрэт. ЛІы губзыгъэр ячафащІхэмэ я чэнджэщэгъуэт. Кьуажэм кьакІуэ кьулыкъущІэшхуэхэр зыгъэхьэщІэну зыхуагъэфащэуи НэхъупщІ, адыгэ хабзэм ткІийуэ зэрИІыгъэмрэ абы ебаныгъэм зэрахуэткІиймрэт. ЛІы губзыгъэр ячафащІхэмэ я чэнджэщэгъуэт. Кьуажэм кьакІуэ кьулыкъущІэшхуэхэр зыгъэхьэщІэну зыхуагъэфащэуи НэхъупщІ, а ящІыкІ ІлыІ губзыгъэр псоми ягу нэсырти, дэтхэнэ хущІэкъурт абы ещхь зищІыну - НэхъупщІыну. Уеблэмэ щІыкІуэр щІыздэджжгуКІэ, щыІэзэпкъэхъащ. Іуэхущ хуэдэу пашэныгъэ ящІыбыну хущІэкъурт. Нэхъупщ щІыкІ гуапэт, гъасапщІэт, и щхьэ Іуэхум япэ зыкьулэмыкІым и Іуэхур ириГъэщІыртu. ІуэхутхьэрыкІэ щІэныгъэ ящІыбыну, уфІэмыЗлыкІыныр Іэмалынышт.

Ар лІышхуэт, бжьыфІэт, екІуати, хуэфэщэн пщІэрэ фІэлІыкІыныгъэрэ щІыхуэм я деж щигъэуэтт. Нэхъупщ щІэрыІуэ зыщІар и тепльэ дахэрэтэкъым, атІэ и ІуэхущІафэ щхьэпэрт, и кьэл-щэн зэпІэзэрытырт, и мусльмэнныгъэрт, адыгэ хабзэр ткІийуэ зэрИІыгъэмрэ абы ебаныгъэм зэрахуэткІиймрэт. ЛІы губзыгъэр зрафащІхэмэ я чэнджэщэгъуэт. Кьуажэм кьакІуэ кьулыкъущІэшхуэхэр зыгъэхьэщІэну зыхуагъэфащэуи Нэхъупщ щІыкІ ІлыІ губзыгъэр псоми ягу нэсырти, дэтхэнэ хущІэкъурт абы ещхь зищІыну - НэхъупщІыну. Уеблэмэ щІыкІуэр щІыздэджжгуКІэ, щыІэзэпкъэхъащ. Іуэхущ хуэдэу пашэныгъэ ящІыбыну хущІэкъурт. Нэхъупщ щІыкІ гуапэт, гъасапщІэт, и щхьэ Іуэхум япэ зыкьулэмыкІым и Іуэхур ириГъэщІыртu. ІуэхутхьэрыкІэ щІэныгъэ ящІыбыну, уфІэмыЗлыкІыныр Іэмалынышт.

Гукъинэ сщІыхуащ пэщІэдзэ школыр кьэдэхьыу дезыгъэджахэу Джэду Нэибрэ Бозий Кушбийрэ, 50 гъэхэм я пэщІэдзэм ди кьуажэ курыт школым и директору яГъэувауэ щыта Шыд Хьэзрит сымэ. Ахэр зи Іэщ Іагъэм сфІыуэ хэзыщІыкІ, щІыху гъэпхъэкІи хэтыкІи зыщІхэт.

МИС АПХУЭДЭ щІыхуэр ди Гъуаззу дыкъэхъуащ Іэ. Ноби, Тхъэм и щыкурКІэ, щапхъэ зытепх хуэн нэхъыжьыфІэхэр кьуэдащ. Ахэр щІалэгъуалэм нэхъыбэрэ яхуэзэу, и гупсысэхэмкІэ ядагуащІ зыщІытщ, абы зэрарыгъэ лъэпкъ кьыхэмыкІыну, атІэ абыхъэм я чэнджэщэгъу, ГъуэгурЫэлъагъуэ хъуну аращ.

ГУМЭ БетІал.
Псыгуэнсу кьуажэ.

● Щэблэ

«Узыншагъэм и махуэ»

Налшык дэт е 4-нэ курыт еджапІэм «Узыншагъэм и махуэ» зыфІаща зэІуцІэ щекІуэкІащ.

АР ЯГЪЭХЬЭЗЫРАЩ

«Узыншагъэм и школ» Урысей программэ щхьэхуэм ипкъ иту, 2010 щІэнэдэ ягъэзэщІэну программэр хуэунэтІащ еджакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я узыншагъэр егъэфІэкІуэным. Мы Іуэхум теухуауэ пэщІэдзэ классхэм щеджэ щІыкІуэхм япэ щыІыкІэ драгъэкІуэкІащ дерс щхьэпэхэр. ИужькІэ щІыкІуэхм я узыншагъэмкІэ мыхьэнэ ин зиІэ джэгуКІэхэмрэ спорт зэхьэзэхуэхэмрэ ирагъэкІуэкІащ. КъызэгъэпэщащІуэхэм зэрыжаІэ ІэмкІэ, мыпхуэдэ зэІуцІэхэм, узыншагъэр егъэфІэкІуэным и мызакъуэу, сабийхэм я зэхьэсыгъэм зрегъэжьэжь, ныбжьэгъугъэ, щІыху зэхущытыкІэ жьыхуэтІэхэм хегъэгъуазэ. ЗэІуцІэм и ещанэ Іыхьэм еджакІуэ нэхъыщІэхэр зыхэта гъэльэгъуэныгъэ ирагъэкІуэкІащ. ЕджакІуэхэр зэпеуащ асфальтым Іуащхьэмахуэ и суэрт тращІыхьыныкмкІэ. «Урысейм и тельыджэу блы» урысейпсо зэхьэзэхуэм хэтыным кьыхуезыджэу щытащ ар.

ЛЬОСТЭН Музэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Къэбэрдей полкым хэт щакІуэ гуп.
Сурэтыр нэмыцэ художник **ГОРШЕЛЫ Теодор (1829 - 1871 гъгъ.)** *ищІащ.*

Мухьэз сэрэ дызэкъуажэгъут нкІи дызэкІасэсэгъут. ИтъэсипщІкІэ дызэдеджащ. Къэрэгъэш къыщыгъэІуаха курыт школыр япэу къэзыуахъэм дащыщ.

КІэщІтыр комсомол организацэм и секретарт, сэ учкомым сриунафэщІт. Дызэдекъуу дызэдэлажьэрт, школым щІэс псори кьэдгъэдаІуэфу, егъэджакІуэхэми пщІэ кьытхуащІу, етхъэжьа Іуэхур и кІэм нэдгъэсыфу. Абы щыгъуи Мухьэз тхэрт, и уэсхэр Хэкум, махуэшхуэхэм, лІыхъужьхэм, жьакІэкІуэ папшэхэм яхунгъэпсу. Сэри абы щыгъуэ газетым тхэн щыщІэздзат, ди школым и ІуэхущІафэхэм, кьуажэм дэс цыху пашэхэм сатетхыху. А псоми кьыхэкІыу кьыщІэкІынт дэ тІур нэхъ дыщІэзэнымбжьэгъэри.

Школыр кьэдуха нэужь, тІури дызэгъусэу Налшык дыкъэкІуащ, пединститум и литературэ кьудамэм дыщІэтІысхьэн дя мураду. ЗэрыщІэтІысхьэ экзаменхэри хьарзынэу ттат, ауэ щІагъуэу дымыджа нэмыцэбзэм тІури дыкъыпригъэхьижащ. ТІуми Къэрэгъэш дгъэзэжащ. Сэ школым и пионер вожатэ нэхъыжьу сатъэуващ, Мухьэз дзэм ираджащ. Абдежым ди гъэгуэр зыІыщІыхуащ. Абы къыкІэлъыкІуащ «ПэщІыгъуэ ябгэм и уэрэд кьыззэпхыкІам шэр пэмыльэщІу», «Си лъахэ - си уэрэд», «Тхыдэм и гъыбзэ», нэгъэщІхэри.

Мухьэз прозаик хьэлэмэтуи зыкьыгъэльэгъуащ. Абы и кьалэмпэм кьыщІэкІащ «Дыркъуэ», «Пьагъуэкэр зэхохьэк», «Пьагъуныгъэм и уасэр», «Уэсэт», «Гущэ», «Пасэифэ», «Дыщэнэху и псэ», «Напэ», «Дыху абдж», «Гу пщІанэ», «КъежьапІэ», «Анэмэт», «Гупытэ», «Пьгъэ» расказхэр, «Псэ кьабзэ», «Шым и Іэфі» повестхэр. Абы итхащ новеллэ, пьипсэ кэуцІ. КІэщІтым и тхыгъэкэр щытрадзащ Налшыкм, Москваи, Мейкъуаепи, Черкесски, Риги, Винници, нэгъэщІ щІыпІэхэми.

КІэщІтыр набдзэгубдзапльэу кІэльыпльырт и ныбжьэгъу тхакІуэхэм, усакІуэхэм я творчествэм. Ар гуапэу ятетхыхащ тхакІуэ, усакІуэ Пащэ, Мубариц, усакІуэ пажэжэм, цыху пэрытхэм.

Хуэм-хуэмурэ КІэщІтым поэмэ тхынми зрет икІи абы тхыгъэ хьэлэмэтхэр къьохьуПІэ. Нэхъапэу итхахэм яцыщщ адыгэ усыгъэм и пъабжьэр зыгъэтІылъа Щоджэнщ ыкІи Алий кьыззрапльэрэ итъэ 75-рэ щрикъум тхакІуэ щджжащэм хунгъэпса поэмэр, «Эрэдым щхьэщэ ищІыкьым- зыфІищар. Абы кьыкІэлъыкІуащ «ПэщІыгъуэ ябгэм и уэрэд кьыззэпхыкІам шэр пэмыльэщу», «Си лъахэ - си уэрэд», «Тхыдэм и гъыбзэ», нэгъэщІхэри.

Мухьэз щалъхуа кьуажэр фІыщІэу ильэгъурт икІи кІэщІ-кІэщІуэрэ абы кІуэжырт, жылэжьым сут зыгъэдэ Іуэхуэгъуэ щекІуэкІми жьыдэжэу хэтт, и кьуажэгъу пашэхэм кьэдрэ я ятІэхьырт. Си гупэмкІэ, КІэщІт Мухьэз и цІэр Кьэрэгъэш и уэрамхэм ящыщ зым фІащыну хуэфащэщ. Си гуапэ хьунт мы Іуэхум кьуажэ унафэщІхэр егупсысамэ! Аптхуэдэу КІэщІтыр щыпсэуа Налшык и Неделинэ уэрамым тет унэм абы и фэепль пхъэбгъуи фІатъхьамэ хьунт.

УЭРЫШ Нурхьэлий,
КъБР-м щыхъ зиІэ и журналист.

● Абы дегъэпІейтей

Къэпсалъэ, укъэслъагъун

Ди лъэныкъуэ литературэм, щэнхабзэм я гъэсэныгъэм, ди щІалэгъуалэм я гъэсэныгъэм и щыхуэ щыщ щыхуэхэм я тхыгъэ купщІафІэхэм уемыджауэ адыгэ нэсу зыкъэпльытэж зыкъунукъым. Сократ жиІэгъащ: «Къэпсалъэ, укъэслъагъун хуэдэу». Абы къикІыр щІыхум и псэлъэкІэ къудеймкІэ хэлъ хьэл-щэныр, и дуней тетыкІэр, и щІэныгъэр здынэсыр къыпхуэщІэну зэрыщытыращ. Нобэ ди Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр щапхъэ хъун щхьэкІэ, абы щыпсэу дэ, куэду деджэн хуеиІу ди бзэкІэ къыдэкІ тхылъхэм, газетхэм, журналхэм.

Анэдэлъхубзэм и «ІункІыбзэр» зыльльэтыри, ар сабийм езытыжыфынури псом япэу унагъуэрщ, адэ-анэрщ. Ауэ щыхъукІэ ззгуэр ахэри щІыщІегъэжьин, дэри абыхъэм дыщІагъэкъуэнщэн едмыщІэмэ нэхъыфІт. ИужькІэ къа-лъыхъуэжыну бзэр деплъурэ ди сабийхэм Іэщыіб едывмыгъэгъэщІ... Жыпіэну тынщ, ауэ дауэ?

Ди тхакІуэшхуэхэм, усакІуэшхуэхэм я Іэдакъэщ-щІэну дэ зыхуэдгъэзащ Шэджэм къалэ дэт тхылъ щапІэ №20-м и лэжьакІуэ, илъэс 40 хъуауэ сатум хэт Тэрщын Зинэ.

- Зинэ, лъэпкъ литературэм и тхыль хуэдэ щІыхуэным къыщІэфІъхьэрэ?

- Тхылъ къатшэхэм я уасэр къэралым еттыжу щыщытам адыгэбзэкІэ тха литературэ нэхъыбэу диІащ. Иджы зи тхыль къыдэзыгъэкІым къытхуэнэжу аращ, тщэмэ, ахъшэ еттыжу. Ауэ зи тхыль къэзыкъэрэ машІэ дыдэщ.

Гуапэ сщохъу ди Іуэхущ-ІапІэм зыгуэр къыщІыкъэуауэ адыгабзэкІэ тха тхыльхэр зыкъыщІыкъуэм и деж. Цыхуэхэм фІыуэ ялъэгъуэ тхыгъэхэр ди машІэкъым пэпкъым. Псалъэм папщІэ, щІэджыкІакІуэхэр куэд дыдэрэ щІоупщІэ Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Щихуэхэр иджыри мэкІ» романым. ЗэманкІэ зэрэзэбэкІыжмэ, а тхыльым щыщу 200-м щигъу сщауэ щытат.

- Сыт хуэдэ ныбжьым итхэра, Зинэ, тхыль зыщІэхуну тыкуэным нэхъыбэрэ къыщІэкІынрэ?

- Ди жагъуэ зрэзыхунщи, щІалэгъуалэ куэд абыхэм яхэткъым. Нэхъыбэу, ди бжэр Іузыкыр илъэс 30-60 хъу цІыхухэрщ. Куэд дыдэрэ си хьэщІэщ егъэджакІуэхэр, музейм, архивым, библиотекэм, нэгъэщІ Іуэхущ-ІапІэхэми я лэжьакІуэхэр.

- Уасэхэм зэрыхэхъуар тхылъым дежи къэсащ. А Іуэхуэгъуэми къимыгъэувыІуэ пІэрэ щэхэмкІуэхэр?

- Тхылъым щІэупщІэр нэхъ мащІэ щІэхъуам ари и зы щхьэусыгъуэщ. Тхылъ къыщэхуну къыщІыхьа цІыхум уасэр зэрилъагъуу щІокІыжьыр, нэхъыбэр библиотекэм макІуэри щІэсщ. Арыншами мащІэ упахэр унагъуэмрэ сабийхэмрэ ерагъкІэ иризыгъэкъу цІыхухэм тхылъыр унэм щІэлъынкІэ Іэмалыншэу кьалъытэрэщ. Мис ари икъуэкІэ гуаэщ.

- Тхылъхэр ямыщэхуу кьэдэрэ тыкуэным щІэлъ?

- Мазэ бжьыгъэкІэ, илъэсыкІэ щыщІэлъ щыІэщ. Тхылъ хуейкэм адыгэбзэкІэ тха щахуэбгъэльагъэуэкІэ, кьэдэрэ кьахокІ «абы дыкъеджэфынрэ?» жыІэ зыІэзэр. Ар икъуэкІ гукъэтэщ, лъэпкъым, бзэм дежкІэ гузэвэгъэшхуэщ.

Епсэльар
МЭКЪУАУЭ Аринэщ.

● Гъэсэныгъэ

Нэхъыжьыфі.

Апхуэдэу хэт зыхужьыпІэ хъунур?

Иджыпей щІалэгъуалэм нэхъыжьхэм я гупльэгъэ зэрызыхамыщІэр си жагъуэ мэхъу. Апхуэдэу щыщытыр нэхъыжьхэр гупльэтэнщэу аракъым, ятІэ ди зэхуэщІыкІэхэр нэхъапэм щыІам зэрызмыджьэщ. Иджы кьэдкІэ нэхъ гугъущ унэхъыжьыну. ИтІани, дяпэ итахэм ядэтлъэгъуа щапхъэфІхэр зэрыпльэкІкІэ зэхъыщІэхэм зэрахэтпщІэныжьыкуІоскъу. Ноби кьэлэмыр къыщІэсщтар апхуэдэ мурад сиІэущ, хэт ищІэрэ, дэ гъуаззу диІа нэхъыжьыфІхэм я фэеди тетыкІар нэхъыщІэхэм гъэзугуІэльагъэ яхуэхъун жызоІэри аращ.

БОЗИЙ Хьэмаш зымыщІыху кьэд ди кьуажэ дэсахэм. НыбжьыкІэ и губзыгъэ и губзыгъэмрэ я хьэпІэ-гъэмкІэт, хэль хьэл-щэн дахэмкІэт, и чэнджэщ щхьэпэхэмкІэ цІыхухэм сыт щыгъуи зэрадэгугъашэрт. Абы узыхуигъэІуцІ-узыхуиущийхэр университетым къыщеджэлекъэм, дерсхэм ухуэдэу щхьэпэт. Ди унагъуэм исхэм зэпымыууэ зыхащІэрт Хьэмаш и гулъытэр. Илъэс 70 и пэкІэ дэ адэншэу дыкьанэри, илъэс 37-кІэ Хьэмаш и унафэ дахэхэр ди гъуаззу, гъэзугуІэльагъэуэ щытащ.

Пэжщ, ди анэри, кьыздалъхуахэри, анэшхэри фІым я фІыжьт, нэхъыжьыфІэхэри Іыхьлыхэри хьарзынэт, ауэ ди адэм кьэуэ папшІэу, гъукІэгъэсэну иІа Хьэмаш псоми ефІэкІыну кьыщІыщІхьурт. Езым и бынхэм дапищІу дыкьинтхэурэт, дыкьинхъмэрт, апхуэдэуи езыри тльагъэжьырт.

Зауэм щыгъуэ нэмыцэхэр ди лъахэм кьыщысам, бийм Іэрамыгъэхьэныр щхьэусыгъуэ ящІри, ди кьуажэм дэсхэм ящыщ куэдым колхоз мылъкур зэрапхуэжат. Дэтхэнэми кьызрыхьэр зрильэфалІэрт. Дэ, зэкъэуш щыкІуэхэм, ди зэранёгуэти, сытри кьэтлъэфырфынут, ауэ Хьэмаш хуит дищІтэкъым ди мымылъку зэтхьалІэну. Лышъ губзыгъэм кьыдэжьрэ апхуэдэр зэрыхьэрэмэр. «Абы уигъэунэнукъым, атІэ уи напэр трихынущ, емыкІу кьуигъэхьынущ», - зэпымычу диущийрт абы. Хьэмаш щІэшхуэ хуэтщІыри, житэм дебакъэуэрт ежьым. И бынхэм гъэфІагъыбззэу зэрыжаІэм хуэдэу, дэри «АшкІэт» дызэреджэр абы. ЩыІэкъым Хьэмаш дэ гулъытэу кьытхуищІамрэ дыкъызэрилъэгъуэмрэ кьызэрэпущ хъун. Сэри кьыздалъхуахэм щІэщэныфІрэ гъэсэныгъэ тэмэмрэ тхэлъмэ, ар зи фІыщІэ нэхъыжьыфІхэм ящыщщ Хьэмаш. Зэи зыщыдгъэпльащІкъым нэхъыжьыфІым кьытхуищІа гулъытэр.

Бозийм хуэдэ нэхъыжьыфІу ди кьуажэм дэсащ Кьалмыкъ Нэхъупщи. Абы и цІэ кьудейм псори дэгуфІэрт. Тхыдэми, Іуэрыуатэми, адыгэ хабзэми куэд хэзыщыкІ лІы губзыгъэр псоми ягу нэсырти, дэтхэнэ хущІэкъурт абы ещхь зищІыну - НэхъупщІыну. Уеблэмэ щІыкІуэр щІыздэджжгуКІэ, щыІэзэпкъэхъащ. Іуэхущ хуэдэу пашэныгъэ ящІыбыну хущІэкъурт. Нэхъупщ щІыкІ гуапэт, гъасапщІэт, и щхьэ Іуэхум япэ зыкьулэмыкІым и Іуэхур ириГъэщІыртu. ІуэхутхьэрыкІэ щІэныгъэ ящІыбыну, уфІэмыЗлыкІыныр Іэмалынышт.

Ар лІышхуэт, бжьыфІэт, екІуати, хуэфэщэн пщІэрэ фІэлІыкІыныгъэрэ щІыхуэм я деж щигъэуэтт. Нэхъупщ щІэрыІуэ зыщІар и тепльэ дахэрэтэкъым, атІэ и Іуэхущ-ІафэщІафэ щхьэпэрт, и кьэл-щэн зэпІэзэрытырт, и мусльмэнныгъэрт, адыгэ хабзэр ткІийуэ зэрИІыгъэмрэ абы ебаныгъэм зэрахуэткІиймрэт. ЛІы губзыгъэр зрафащІхэмэ я чэнджэщэгъуэт. Кьуажэм кьакІуэ кьулыкъущІэшхуэхэр зыгъэхьэщІэну зыхуагъэфащэуи Нэхъупщ, а ящІыкІ ІлыІ губзыгъэр псоми ягу нэсырти, дэтхэнэ хущІэкъурт абы ещхь зищІыну - НэхъупщІыну. Уеблэмэ щІыкІуэр щІыздэджжгуКІэ, щыІэзэпкъэхъащ. Іуэхущ хуэдэу пашэныгъэ ящІыбыну хущІэкъурт. Нэхъупщ щІыкІ гуапэт, гъасапщІэт, и щхьэ Іуэхум япэ зыкьулэмыкІым и Іуэхур ириГъэщІыртu. ІуэхутхьэрыкІэ щІэныгъэ ящІыбыну, уфІэмыЗлыкІыныр Іэмалынышт.

Гукъинэ сщІыхуащ пэщІэдзэ школыр кьэдэхьыу дезыгъэджахэу Джэду Нэибрэ Бозий Кушбийрэ, 50 гъэхэм я пэщІэдзэм ди кьуажэ курыт школым и директору яГъэувауэ щыта Шыд Хьэзрит сымэ. Ахэр зи Іэщ Іагъэм сфІыуэ хэзыщІыкІ, цІыху гъэпхъэкІи хэтыкІи зыщІхэт.

МИС АПХУЭДЭ щІыхуэр ди Гъуаззу дыкъэхъуащ Іэ. Ноби, Тхъэм и щыкурКІэ, щапхъэ зытепх хуэн нэхъыжьыфІэхэр кьуэдащ. Ахэр щІалэгъуалэм нэхъыбэрэ яхуэзэу, и гупсысэхэмкІэ ядагуащІ зыщІытщ, абы зэрарыгъэ лъэпкъ кьыхэмыкІыну, атІэ абыхъэм я чэнджэщэгъу, ГъуэгурЫэлъагъуэ хъуну аращ.

ГУМЭ БетІал.
Псыгуэнсу кьуажэ.

Налшык щекІуэкІащ пшынауэхэм я зэпеуэ

Налшык дэт Щнхабзэмрэ гъуаздэкъмкІэ колледжым налшыкдэсхэм папшІэ дыгъуаэ щекІуэкІащ РСФСР-м и цІыхубэ артистэр Кьашырэ КІурацэ и пІэр зезыхьэ лъэпкъ пшынэмкІэ зэпеуэ, Зэпеуэм и жюрим хэтащ пшынауэ щІэрыІуэхэр Кьашырэ Мадинэ, Соскъур Анжелэ, КІэщ Заремэ, нэгъэщІхэри. Мыбы щытекІуэхэр щІыналъэ зэпеуэм зэрыхэтыжу кьалытэу, жуаплынныгъэшхуэ ныдьу Іуэхум бгъдыхьа къэпщытакІуэ гупым арэзы укъэшІуэ унафэ кьыгъэщтар кьыхэхуэсэ пеоми я гуапэ хъуащ.

ЛЪЭПКЪ пшынэр гъбзэрбзэнымкІэ пшынауэхэм я Іэзэгъэр зыхъмэнир икІи абы зегъэужьынир, пшынауэфІхэр утыку кьишэныр, цІыхубэ Іэмэпсымэхэм я пщІэр кьэІэтыныр зи мурад нэхъыщхьэ зэпеуэм хэтащ пшынауэу цІыхуи 10, ансамблу 3. Илъэс 14-м нэс зи ныбжь нэхъыщІэ гупым хэтащ Налшык дэт садий музыкэ еджапІэ №2-м и гъэсэну 2, курытхэм, зи ныбжьыр илъэс 15-19 хьухэм - цІыхуи 6, нэхъыжь гупым (илъэс 19 хьуэрэм нэхъыжьхэмрэ) хьыхьэу цІыхуитІ. Зэхьэзэхуэм я зэфІэкІыр щагъэлъэгуащ ансамблищым: Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ колледжым и «ШыкІэ-пшынэ» ансамблыр курыт гупым щыщу, «Хьэтэрэ», «Зыхь» ансамблхэр нэхъыжьу.

Яп эувыпІэхэр хуагъэфэщащ Малканд-ев Ахьмат (нэхъыщІэ дыдэ гупым щыщщ), курыт гупым щытекІуащ Тет Аскэррэ Кьардэн Данэрэ, нэхъыжьхэм яп эувыпІэр щыхэдагъэщащ Иуан БетІалрэ Залиханов Оксанэрэ.

- Ауэ, эувыпІэ нэхъыщхьэхэм емылытауэ, зэпеуэм хэта псори щІыналъэ зэхьэзэхуэм хэдгъэхьэну унафэ къэтщтащ, - кьыджаІащ жюрим и унафэщІ Кьашырэ Мадинэ. - А фІы кьызыкІэр зэхьэзэхуэр егъэлеяуэ фІыуэ зэрекІуэкІарщ, зыгуэр кьыхэбгъэшхуэкІыну гугъу дыдэу ди ныбжьыщІхэм я зэфІэкІыр зэрыльагъэрщ.

ЩІыналъэ зэпеуэр Налшык щекІуэкІынущ мэлыжьыхьым и 26-27-кэм. Абы хэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и район псоми, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Дагъестэн, Шэшэн, Ингуш, Къэрэшей-Щэрджэс республикэхэм щыщ пшынауэхэр. ЩІыналъэ зэпеуэм щытекІуэхэм ирагъэнущ: яп эувыпІэр къызэхьам - сом мин 40, етІуанэм - сом мин 30, ещанэм - сом мин 20.

ИСТЕПАН Залиноъ.

● Дыгъуасэ

● Футбол

Жорэ Шумейкэрэ тхыцIэкIэ зоныкъуэкъ у.

«Спартак-Налшыкым» и гу фIэгъуэр. Ар ЦСК А-м текIуащ!

Ди щIалэхэм ЦСКА-р Мэзкуу щыхагъащIэ!

ЦСКА (Мэзкуу) – «Спартак-Налшык» (Налшык) – 0:1 (0:0). Мэзкуу. «Лужники» стадион. Мэлыжьыхьым и 12-м. Щыхъ 12000 ельащ.

Судьяхэр: Егоров (Новгород Ищхъэрэ), Пантелеев (Тулэ), Ст епанищев (Воронеж).

ЦСКА: Акинфеев, Березуцкий В., Игнашевич, Григорьев, Одиа (Джанер, 69), Шемберас, Дуду (Алдонин, 74), Красич, Жирков, Жо, Рикардо Жезус (Рыщков, 57).

«Спартак-Налшык»: Хомич, Джудович, Кисенков, Ятченкэ, Амисулашвили, Мэшыкъуэ, Джатрыв э (Шумейкэ, 87), Дзыхьмыщ (Самсонов, 64), Гогуа, Сирадзе (Кочубей, 82), Кьэжэр.

Топыр дигьэкIащ: Кьэжэрым, 90+2 (0:1).

Дагъуэ хуащIащ Одиа, Гогуа, Кисенковым, АмисулашвилиI, Рыжовым, Акинфеевым, Самсоновым.

ПРЕМЬЕР-лигэм зэрыхэтэ налшыкдэсхэм зэи хамыгъэщIэфа командэхэм ящыщт ЦСКА-р. Иджыри ар кьэхъуну фIэщщIыгъуейт икIи абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэт Ипэрауэ, нужрей джэгуныгъуищрэ зыфIахьэхуа «Спартак-Налшыкыр» зэпщIэ 26-рэ хъуауэ и стадионым щыIэу зыри зытемыкIуэфэ Газзаевым и гъэсэнэмэ лъэщыну хуэгъэфэщэгъуейт. ЕтIуанэрауэ, тхьэмахуэ и пэкIэ Грозныр щыIэу зыфIахьэхуа ЦСКА-м Iэмал имыIэу «и напэр итхъэщIыжкIи» хуейт .

Арщхьэкlэ, «Спартак-Налшыкыр» дыз эрмигуГуаУэ кьыщIэкIащ. Ипэ дакъикьэхэм щегъэжьауэ хьэрхуэрэгъу лъэщым ар кьыпикIуэтакъым икIи абы и егъэзыкIуэныгъэм езым ейр тэщIигъэувэжуРэ хуэфэщэну дэджэгуащ.

Пэжщ, хэгъэрейхэм я Iуэхур нэхъ кьыщикI щыIэт. Псом хуэмыдэу джэгум и пэщIэдэхэм. Ипэ щыкIэ тIэунейрэ кьыхэжаныкIыну Iэмал хьарзынэ иIащ нэгъабэ ди командэм хэта Рикардэ Жезус. Арщхьэкlэ тIэуми фыц дыдэу зыкъыгъэлъэгъуащ «Спартак-Налшыкым» и гъэ ущхьэтет Хомич. Абыи зыри хуещIэжьынутэкъым Жирковыр и закъуэу къыбгъэдыхьэу топыр кьыщыщхьэпридзам, ауэ абдежым къыщыхута Амисулашвили гъэр ихъуэфащ.

Загъэпсэхуу кьихьэжа иужькIи хьэщIэхэр кьэдзыхакъым. Уеблэмэ бжьыгъэ кьыхэзIуахыну Iэмал нэхъэнIар ахэращ. Зи Iуэхур кьимыкI ЦСКА-р ужьыхьжьапащ. Джэгум и етIуанэ Iыхьэм зы ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщи Газзаевым и гъэсэнхэм кьахуэзгъэзэпэщакъым. Абыхэм сэбэп яхуэхъуакъым футболист зыбжанэ зэрахъуэжари.

Iуэхур зэрытемыгъэкIуэным х уэкIуэр т Шэч хэмылъу, абы арэзы кьищIырт налшыкдэсхэр. Арщхьэкlэ дызыпэмыплъа тепльыджэ кьэхъуауэ!

Джэгум кьищIигъуа етIуанэ дакъикъэр щиухым, хэгъэрейхэм я гъуащхьэхьумэхэу Игнашевичымрэ Григорьевымрэ я зэхуакум Кьэжэрым топыр кьыдихри, зричащ.

Назир Акинфеевым гъунэгъу зыхуИмыщIыщIэу и кьару кьыззрихьIэ еуащ! Апхуэдизэ кьару хилъхьати, кьэралым и гъуащхьэтет нэхъыфI дыдэм абы кьригъэгъэзэфакъым.

ЦСКА-м и тренер нэхъыщхьэ Газзаевыр и пIэм ижьхьат - бжьыгъэм зебгъэхъуэжыну зэман кьэнэжатэкъым икIи абы и гъэсэнэкэр хагъэщIат. Абы игу кьэкIыжагъэнщ ильэсит! и пэкIэ апхуэдэ дыдэу ди щIалэхэр Налшык зэрыщыхагъэщIащ. Иджы захуагъэр зэфIэувэжауэ араш!

ЗэкIуцIэр зэриухэу налшыкдэсхэр джэгуплI губгъуэм кьилъэщащ. Ар гуфIэгъуэшхуэт! Хэт и гугьэнт езы ЦСКА дыдэр Мэзкуу щыIэу абыхэм хагъэщIэфынуР!

Абы щыгъуэми, премьер-лигэм зэхъэзэмэр кьыщыщзэщIопльэ. Етуанэ джэгугъуэми текIуэныгъэр кьыщихьауэ бжьыпэр иныгъщ Къэзан и «Рубиныи». Тэгъэрыи и командэм вэсэмахуэ **Химки** щыIэу щIыпIэ командэр **4:0-у** хигъэщIащ. Iоп к уэд дыдэ щыдагъэкIащ Мэзкуу и «Динамомрэ» «Спартакымрэ» я зэIущIэм. Ар Кобелевым и гъэсэнхэм я текIуэныгъэкIэ 4:3-уэ ихъащ.

Иджы адрей командэхэр зэрызэдэджэгуам кьарикIуа бжьыгъэкэм щыгъуазэ фыхуэтщIыну: «**Амкар**» (Пермь) - «**Москва**» (Мэзкуу) - **2:0**, «**Томь**» (Томск) - «**Шинник**» (Ярославль) –**2:1**, «**Локомотив**» (Мэзкуу) - «**Тэрч**» (Грозныр) - **2:0**, «**Луч-Энергия**» (Владивосток) - «**Сатурн**» (Мэзкуу область) - **0:0**, «**Зенит**» (Санкт-Петербург) - «**Крылья Советов**» (Самарэ) - **1:1**.

КьэкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» и стадионым щригъэкIуэкIынущ. Мэлыжьыхьым и 19-м ди щIалэхэм Мэзкуу и «Спартакыр» кьрагъэблагъэнущ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Зы тэлай и пэ Къэжэр Назир *(я кум дэтщ)* топ дигьэкIащ.

Премьер-лигэм хэт гупэхэр зэрыджэгуам кьрикIуар

Командэхэр	Дж.	Кь.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «Рубин»	5	5	0	0	11-2	15
2. «Динамо»	5	4	1	0	10-4	13
3. «Локомотив»	5	4	0	1	8-3	12
4. «Амкар»	5	3	1	1	8-3	10
5. ЦСКА	5	2	1	2	4-3	7
6. «Крылья Советов»	5	2	1	2	6-6	7
7. «Томь»	5	2	1	2	5-5	7
8. «Спартак-Налшык»	**5**	**2**	**0**	**3**	**4-6**	**6**
9. «Тэр ч»	5	2	0	3	4-9	6
10. «Спартак»	5	1	3	1	8-8	6
11. «Зенит»	5	1	3	1	6-6	6
12. «Луч-Энергия»	5	1	2	2	3-4	5
13. «Сатурн»	5	1	1	3	5-6	4
14. «Шинник»	**5**	**0**	**2**	**3**	**3-8**	**2**
15. «Москва»	**5**	**0**	**2**	**3**	**4-9**	**2**
16. «Химки»	**5**	**0**	**2**	**3**	**5-14**	**2**

Красножан Юрий дакьикъэ 90-кIэ щIыхьэплъэн иIащ.

ЗэIущIэм и кIэ ухым хэпльар ЦСКА-м и тренер нэхъыщхьэ Газзаев Валерий.

ЗэIущIэ нэужым

КРАСНОЖАН Юрий, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Iэмал къытхуэхъуэкIар къэдгъэсэбэпащ

Премьер-лигэм зэрыхэтрэ ящэ дыдэу ЦСКА-м зэрефIэкIам, гъэ джэнэтуэм зэрыщIидзэрэ етуанэ текIуэныгъэр кьыхэзрихьам налшыкдэсхэм я тренерыр хуабжьу иригушхуэрт.

- ЗэIущIэм ЦСКА-м нэхъыбэрэ топыр щиIыгъащ, ауэ ди командэр дыззэгурыIуэри, апхуэдэ джэгукIэр кьыхэхтащ - Iэзагъэкlэ кьофIэкI гупым футбол зэIуха уэдэдэгуну сфIэтэмэкъым.

ЩIалэхэм сельэIущ захъуэмэжьыным нэхъ гулъытэ хуащIыну. Мэзкуудэсхэм кьахукъуэкIа Iэмалхэр кьахуэгъэзэсэбэпакъым, дэ зэIущIэм и кIэух дакъикъэхэм, ди насыпым кьрихьэкIри, текIуэныгъэ кьытхуэзыхьа топыр дэдгъэкIыфащ.

ГАЗЗАЕВ Валерий, *ЦСКА-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Ди ебгъэрыкIуэныгъэхэр и кIэм нэдгъэсыфакъым

Я уиэ щыджэгуу къыхагъэщIа командэм и тренерыр губгькьати, журналистхэм кьрата ущIэжэми тэмэму жуаэр яритакъым.

- ЗэIущIэм и кIыхьагъкIэ Iэмал куэд диIащ бжьыгъэр кьызэIутхыну. ИкIэм-икIэжьым дытеплъэкъуакIащ, тIэщIэкIа тактикэ щыуагъэм и зэранкIэ топ кьытхудагъэкIащ.

- Нобэ Березуцкий Алексей сыт щIэмыджэгуар?

- Сытым дежи упщIэ купщIэнщэ защIэ кьызывот. Пресс-конференцым фыкьыщыкIуэкIэ зыигъэхъэзыр хьунущ. Березуцкэм и пIэкIэ джэгуа Игнашевич футболист Iэзэщ, щIалэ хъарзынэщ. Иджыри сыт зэхэфхыну фызыхуэйр?

Апхуэдизэ гурбиянныгъэм къигъэуIэбжьа журналистхэр Газзаевым нэгъэущIкIэ еупщIакъым, псынщIэ-псынщIэу сэлам ирахьжри, зэбгрыкIыжащ.

Зытхыжар **МЭЗК УУ Къанцобийщ.**

МЭШЫКЪУЭ Аслъэн:

Ди унэ дыщыIэу зыри къытпэлъэщын хуейкъым

- Чемпионатыр щIагъуэ дыдэу зэредмыгъэжьамкIэ псом ящэу къуаншэр дэращ. Абы и щхьэусыгъуэхэри къыщыпхьихъуэн хуейр ди дежщ. Нэгъабэрей командэм ельытауэ мы гъэм нэхъ пъэщ дыхъуа, нэхъ дызэкъуэт хуэдэщ, ди джэгукIэми хэдгъахъуэ зэрытщ, арщхьэкIэ, мыхъэнэшхуэ зимыIэ щыуагъэу кьыпщыхьуэхэм я зэранкIэ, джэгукIэкIэ дыкъызыкIэрымыкъу командэхэр кьыдофIэкI.

Ящэ ильэситым ди джэгукIэм щынэхъыщщхьэу щытар ди гъуащхьэр дгъэбдэу, зэрытхуэзэфIэхкIэ, ипэкIэ дыкIуэтэныр. Иджы зэIущIэм и ящэ дакъикъэм щыщIадзауэ ди хьэрхуэрэгъуэм дыззэребгъэрыкIуэным яужь дитщ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, Жезус Рикардэрэ Пилипчук Сергейрэ хуэдэу «стандартхэмрэ» штрафнойхэмрэ хъарзынэу зыгъэззэщIэф тонджэгухэр, нобэкIэ диIэкъым.

Пэжыр жыпIэмэ, «Амкарыр» командэ лъэщщ, «Динамор» ящэ итхэм яхэтщ, ауэ, дауэ хьуми, ахэр ди унэ зыщытедгъэкIуэн хуейкъым. Уеблэмэ, клуб пашэхэмэ ди деж дащытекIуэн хуейщ, мыхъуэхэмэ, зы очко кьафIэтхьыпхьэщ. Псалъэм папщIэ, ЦСКА-м дыздэжгуну Москва дыщежьам кьалэн зыхуэдгъэувыжат ар зытедмыгъэкIуэну, зы очкои кьыфIэтхьыну, ауэ, зэрыфпльэгъуащ, дэ езым дызэрымыгугъэжауи клуб лъэщым и губгъэм дыщытекIуащ.

Иджы ди деж къэкIуэну Москва и «Спартакри» командэ лъэщщ, очкоищми щIэбэныну, ауэ, сыт хуэдэ мурад абы имыIами, москвадэсхэм датемыкIуэу хъунукъым. Адэкlэ кьыкIэлъыкIуэр «Локомотивращи», абы зы очко нэхъ мыхъуми кьызэрыфIэтхьыным дыхущIэжьунущ.

Дауэ хъуми, тхуэзэфIэкI къэдгъэзэнэкъым дэтхэнэ зы, командэм дытекIуэн щхьэкIэ.

КЪЭЖЭР Назир:

Лъэр щIегъэкI

- ЗэIущIэр гугъуу екIуэкIащ. ЦСКА-р лъэщу кьыдэбгъэрыкIуэрт, ди гъэр кьищтэну Iэмал зыбжани иIащ, ауэ кьыхуэзгъэсэбэпакъым.

Къапщтэмэ, си джэгукIэмкIэ сыарэзыкьым. Сыту жыпIэмэ, топыр куэдрэ кьысIэрыхьакъым, кьыщыСIэрыхьэжи схуэзIыгъакъым.

Дэ зы очко ЦСКА-м кьыфIэтхьыну дыкIуат Москвати, си гуапэщ абы зэрыщIедгъэзэр. Абыхэм я гъуэм дзэгъэкIа топыр командэ псом и егугъуныгъэрщ зи фIыгъэр.

Иджырей текIуэныгъэм ди лъэр жан зэрищIынум щэч кьыптесьэркъым. КьыкlэлъыкIуэ зэIущIэм «Спартакым» дытекIуэн мурад диIэущ губгъуэм дыкьызэрихьэнур. Схуэзфlэкlмэ, абы топ хуэдзэгъэкIынущ.

Елсэлъар **ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**

● Хъуэхъу

Тэрч куейм хьыхь Инарыкъуей къуажэм щыпсэу Щомахуэ Хьэзрэт Хьэбалэ и къуэр къыщалъхуа махуэщи, дохъуэхъу

Пщlэ зыхуэтщI, фIыуэ тIъагъу ди адэ, адэшхуэ дэркIэ льапIэ! Ди ущиякIуэ, чэнджэщагъу Iущым нобэ уи махуэшхуэщи, уи узынщагъэрэ уи гуащIэрэ мыкIуэщIу, дерэжэгъуэ уиIэу, уи быным, абыхэм я щIэблэм я насыпым уи псэр игъэгуфIэрэ уи гум ехуэбыIэу, гъащIэм гу щыпхуэрэ абы и Iэфlыгъэ псори зыхэпщIыу куэдрэ ухъыгщхъыщьтыну, ди гум пхунlть фIыгъ уэмкIэ Тхъэр кьыпхуэупсэну дыпхуэхъуахъуэ!

Уи щхьэгъуэсэ Лизэ, упхьхуэхуэ Жанэ, Радинэ, Иринэ, Каринэ, Залинэ, уи матьхьэхуэ Хьэзибинрэ Тайнурэрэ, уи пхъурыльхуэ щыпIуэ Iэсиятрэ Астемырэ.

● Дзюдо

Джэданэ Алим и жэз медалыр

Португалием и къалащхьэ Лиссабон дэт «Атлантикэ» спорт комплексым мэлыжьыхьым и 11-13-хэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ Европэ чемпионат. Абы хэтащ къэрал 45-м я спортсмен 300-м щIигъу. Урысей Федерацием и щыхьыр яхьумэу чемпионатым щыпащ Къэбардей-Балъкъэрым и дзюдоистхэу Джэданэ Алимрэ Уэшхуэпl Аслъэнрэ.

КИЛОГРАММ 66-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ Джэданэ Алим Голландием и дзюдоист Декс Элмонт щыхигащIэри, жэз медаль кьыхьащ. Урысей Федерацием и командэ кьыхэхам и тренер нэхъыщхьэ Табаюв Сергей зэрыжиIамкIэ, ди щIалэр ар нэ хъ ящэ гъэсэн и пэ кьихуэу махуэм Джэданэр сымаджэ хъурэ, абы и зэранкIэ хуэзфIэкI псори утыкум щигъэтъэгъуэфакъым.

«Медалыншэу сымыгъэззэкIну сигу ислъхьати, кьызэхъуIащ, Декс Элмонт мы зэIущIэм и пэкIэ щэ сыхуэзати, тIэум сытекIуащ, зэм кьыстекIыну».

Европэ чемпионатым, пэжыр жыпIэмэ, нэхъыфIкIэ сыщыгугъащ, ауэ, дауэ хьуми, сыт хуэдэ медалри гугъуущ кьызэрыпIэрыльхьэр. Аращи, жэз медалми сыщогуфIыкI», - жиIащ Джэданэ Алим.

КьыхэдгъэщынкIи, Сэралъ Олег и гъэсэныгъэ Декс Элмонт текIуэныгъэ дакъикъитI тригъэзыкIуэу араш.

Емкъуэ Мухьэмэд и гъэсэн Уэншхуэпl Аслъэн щыбэна килограмми 100 зи хьэпъагъ спортсменхэм я деж зэIущитI щригъэзыкIуэкIати, ящэ кьиныкъащ, етIуанэ щыгъэзыкIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● ГИБДД-м къет

Тхьэмахуэ зэхуакум

Гъатхэпэм и 31-м щыщIэдзауэ мэлыжьыхьым и 6 пщIондэ Республикэм гъэзэну насыпыщагъэу 11 къыщыхъуати, Щыхъуэ 2 хэкIуэдащ, 16-м фэдэкъ хахащ.

Мэлыжьыхьым и 4-м сыхьэт 18-м мопедыр зезыгъэкIуэр Прохладнэ къалэм Iагарыным и уэрамым тету зэрыIуэм тротуарым терэзадащ, икIи бжьыхьэм ауащ. Мопедым и рулым дэсар сымадзэщым яшащ, абы щIигъуар, илъэс 21-рэ зи ныбжь прохладнэдэсыр, хэкIуэдащ.

Гъэзэгу пльырхэм сэтей къащIащ дгъератым тетым хуей номерхэр зэрахъуэжкIауэ е укъемыджэфу автомашинэ 6.

Тхьэмахуэ зэхуакум къриубыдэу къагъуэтащ е къытрахащ: къалъхьхуэ шофер тхылъ 2, транспортэ зэратхэм и тхылъ 2, къэрал регистрацэ дамыгъэ 3. Апхуэдэуи ябубдащ къалъхьхуэ цIыхухъурэ, Урыкъуажэм щыщыр.

Мэлыжьыхьым и 6-м Налшык Кировымрэ Щорсрэ я цIэкIэ щыIэ уэрамхэм я зэхэкIыпIэм дежи аварие къащIэзгъэхъуну щIэпхъуэжа «Ауди» автомашинэр зезыгъакIуэ, илъэс 22-рэ зи ныбжь къащIэхэтаудэсыр яубыдащ.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и пресс-къулыкъуапIэм и пэжбакIуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Муэз, Хьэбыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - енщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхуищ1аиIэхэм я дзэлъэныкъуэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; етъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-22-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкIыгъуэм елъэныкъэхэр: **жуан зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору НэщIэпыдзэ Заминэ, корректорхэу Табиш Динарэ *(2,3-нэ пан.)*, Щоджэн Инэ *(1,4-нэ пан.)*, корректорхэм я дэIыпкъуэгъу Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Мэлбахъуэ Анжелэ, Ныр Саидэ, *суэттыщIБицу Жаниэ.***

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхъзыращ.

Газетым Iэ тезыдзэм Iуэн хуэщIу сыхьэт 20.00-м. Щытрадзэр сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.008● Заказ №1318

ЩIэдзэкIэм куэд ельытащ

ЦСКА (Мэзкуу) – «Спартак-Налшык» (Налшык) - 4:2 (3:2). Мэлыжьыхьым и 11-м. Мэзкуу. Федотовым и цIэр зезыхьэ стадион, Щыхъ 300 ельащ.

Судьяр Рубцов (Мэзкуу).

ЦСКА: Абакумов, Карвалcertain (Калоуэ, 46), Мамаев, Алдонин (Заболотный, 46), Щенников, Кудрявцев, Дзагоев, Протопопов (Перунов, 86), Шумилин (Перепелюков, 86), Джанер (Джалилов, 46), Климеев.

«Спартак-Налшык»: Кращенкэ, Щоджэн, Васин, Шумейкэ, Соблыр (Махдиев, 46. Андреев, 80), Дыщэкl, Зрум (Шэру, 81), Степанов (Захаров, 61), Балъкъэр, Фелипе (Биркмаев, 46), Гъэущокъуэ (Ащхъуэт, 74).

Топхэр дагъэкIащ Джанер, 7 (1:0). Карвалью, 11 (2:0). ДыщэкI, 18 (2:1). Алдонин, 25 (3:1). Васин, 43 (3:2). Мамаев, 63-пен. (4:2).

Дагъуэ кьыхуащIащ: Степановымрэ Заболотнэмрэ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ гупэхэм я зэхьэзэхуэм кьриубыдэу мэрем блэкIам «Спартак-Налшыкыр» Мэзкуу щIыщIащ ЦСКА-м. Командхэм я зэхуакум зэныкъуэкъущхуэ дэмыльу зэIущIэм щIидзащ, ауэ убэлэрыгъ хьунутэкъым. Дэ кьыштпщIэтт хэгъэрейхэм я топджэгу и нэхъыфIхэу Карвалью, Мамаев, Алдонин, Джанер сымэ.

Мэзкуудэсхэм яебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым ди щIалэхэм Кудрявцевыр ираудащ. Штрафнойм еуа Карвалью, топыр Джанер иритащ икIи иужьрейр налшыкдэсхэм я гъуэм щIабгъакIэ хуэзгъэза пэтми, ар Iэзэу щхьэкIэ гуэрыр дигьэхьащ - 1:0. ПсынщIэу кьыхудагъэкIа топым ди щIалэхэр Iэнкун ищIащ. ЦСКА-м и кьыкIэлъыкIуэ ебгъэрыкIуэныгъэмэ ехъуIэныгъэ кьыхуихьащ. Штрафнойм пэмжьыжьу Карвалью зэуа топыр штангэм техуэри Кращенкэ и гъуэм дыхьащ.

«Спартак-Налшыкым» ФIыуэ кьыгурыIуэрт зэIущIэр иухыным иджыри зэман куэд зэрIиэр, щытыкIэри бгъэзэкIуэж зэрыхъунур икIи лъэщу ебгъэрыкIуэн щIадзащ. ДакъикIэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу ЦСКА-м и лъэныкъуэмкIэ ди щIалэхэм угловой кьыщатащ. Абакумовыр лъэмIэсу щхьэпрылъэта топыр ДыщэкIым кьыIэрыхьащ икIи гугъу демыхьу ар гъуэм игъэкIуащ - 2:1.

Налшыкдэсхэм я гур нэхъ кьызэрыгъэтыжауэ, нэхъ жылдэр джэгун щIадзэжащ. Арщхьэкlэ, дэнэ?! Ильэс бжьыгъэ кьэд хуэдэу футболым хэт, хэгъэрейхэм я топджэгу нэхъыфIхэм ящыщ Андонин джэгунIэ губгъуэм и кум ди щIалэхэм топыр кьащытрихащ, гъуащхьэхьумэхэм я1эщIэкIри, лъэщу зэуа топым ди гъуащхьэтетым зыри хуещIэжакъым - 3:1.

ХьэщIэхэр футбол зэIуха, ебгъэрыкIуэныгъэм ебгъэрыкIуэныгъэкIэ жуап иратыжу, джэгун щIадзащ. Абыи екъуIэныгъэ кьыхуихьащ. Налшыкдэсхэм я контратакэхэм ящыщ зым ди футболист ираудащ. Штрафнойр ягъэщIэу Васиным Абакумовым и гъуэм топ дигьэкIащ.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр нэхъ зыхуэсакьыжу щIадзащ командитIми. Зэныкъуэкъуныгъэшхуэ я зэхуакум дэлъэтыкъым. Ди щIалэхэр закъуэтIакъуэ хэгъэгъэрейхэм я гъуэгум ящыщ зым Кудрявцевыр жэуап кьратыжырт. Апхуэдизу ЦСКА-м и контратакэхэм ящыщи зым Кудрявцевыр ираудрIэкIа налшыкдэсхэм кьахуэгъэуэвыIакъым - пенальти. Мамаевым ар Iэзэу игъэзэщIащ - 4:2.

Арати, ирагъэкIуэкIа зэIущIитхум ди щIалэгъуалэ гупыр ящэу кьыщыхагъэщIащ. Дыщыгутыящ апхуэдэ нэхъ мащIэрэ кьэхъуну.

Адрей щIалэгъуалэ командхэр зэрызэдджэгуар: **«Амкар»** (Пермь) - «Москва» **(Мэзкуу) - 1:2**, **«Томь»** (Томск) - **«Шинник»** (Ярославль) - **0:0**, **«Химки»** (Химки) - **«Рубин»** (Къзан) - **4:2**, **«Динамо»** (Мэзкуу) - **«Спартак»** (Мэзкуу) - **1:2**, **«Локомотив»** (Мэзкуу) - **«Тэрч»** (Грозныр) - **5:1**, **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **«Сатурн»** (Мэзкуу область) - **2:3**, **«Зенит»** (Санкт-Петербург) - **«Крылья Советов»** (Самарэ) - **2:2**.

КЪЭХЪУН Бэч.

ЩIалэгъуалэ зэпеуэ



Красножан Юрий дакьикъэ 90-кIэ щIыхьэплъэн иIащ.



ЗэIущIэм и кIэ ухым хэпльар ЦСКА-м и тренер нэхъыщхьэ Газзаев Валерий.